# Macë

## 1

### Askan bi Yeesu Cosaanoo

1 Lii mooy askan bi Yeesu Almasi bi cosaanoo, moom miy sëtu
Daawuda, miy sëtu Ibraayma.
2 Ibraayma mooy baayu Isaaxa, Isaaxa mooy baayu Yanqóoba,
Yanqóoba mooy baayu Yuda ak ay doomu baayam. 3 Yuda mooy
baayu Peres ak Sera; Tamar mooy seen yaay. Peres mooy baayu
Esron, Esron mooy baayu Aram. 4 Aram mooy baayu Aminadab;
Aminadab mooy baayu Nason; Nason mooy baayu Salmon; 5 Salmon
mooy baayu Bowas; Raxab mooy yaayam. Bowas mooy baayu
Obedd; Ruut mooy yaayam. Obedd mooy baayu Yese. 6 Yese mooy
baayu buur bi Daawuda.
Daawuda mooy baayu Suleymaan; yaayam nekkoon na jabaru Uri.
7 Suleymaan mooy baayu Robowam; Robowam mooy baayu Abiya;
Abiya mooy baayu Asaf; 8 Asaf mooy baayu Yosafat; Yosafat mooy
baayu Yoram; Yoram mooy baayu Osiyas; 9 Osiyas mooy baayu
Yotam; Yotam mooy baayu Akas; Akas mooy baayu Esekiya;
10 Esekiya mooy baayu Manase; Manase mooy baayu Amon; Amon
mooy baayu Yosiyas. 11 Yosiyas mooy baayu Yekoñas ak ay doomu
baayam ci jamono ji waa Babilon jàppee waa Israyil, yóbbu leen
Babilon.
12 Gannaaw bi ñu leen fa yóbboo, Yekoñas am fa Salacel. Salacel
mooy baayu Sorobabel; 13 Sorobabel mooy baayu Abiyudd; Abiyudd
mooy baayu Eliyakim; Eliyakim mooy baayu Asor; 14 Asor mooy
baayu Sadog; Sadog mooy baayu Akim; Akim mooy baayu Eliyudd;
15 Eliyudd mooy baayu Eleyasar; Eleyasar mooy baayu Matan; Matan

mooy baayu Yanqóoba. [16] Yanqóoba mooy baayu Yuusufa mi
nekkoon jëkkëru Maryaama. Ci Maryaama la Yeesu juddoo, moom
mi ñuy woowe Almasi bi.
[17] Maas yi nag ci diggante Ibraayma ak Daawuda tollu nañu ci fukk
ak ñeent. Maas yi ci diggante Daawuda ak jamono bi ñu yóbboo waa
Israyil Babilon tollu nañu ci fukk ak ñeent. Maas yi dale ko ci
jamono jooju ba ci juddu Yeesu tamit tollu nañu ci fukk ak ñeent.

## Juddub Yeesu

[18] Ci anam bii la Yeesu Almasi bi juddoo: Maryaama miy yaayam
mayoon nañu ko Yuusufa, waaye laata ñuy ànd, fekk na mu ëmb
jaarale ko ci kàttanu Xel mu Sell mi. [19] Yuusufa jëkkëram nekkoon
na nit ku jub te bëggu ko woona weer ci kanamu nit ñi. Noonu mu
jël dogal bàyyi ko ci sutura. [20] Bi mu ci doon xalaat, benn malaaka
Boroom bi feeñu ko ci gént te ne ko: «Yuusufa sëtu Daawuda, bul
ragala jël Maryaama ni sa jabar. Ndaxte doom ji mu ëmb, ci Xel mu
Sell mi la jóge. [21] Dina am doom bu góor te nanga ko tudde Yeesu,
ndaxte dina musal askanam ci seeni bàkkaar.»
[22] Loolu lépp am na ngir matal li Boroom bi waxoon jaarale ko ci
yonent bi, [23] bi mu ne:

*«Xoolal! Janq bi dina ëmb*
*te jur doom bu góor,*
*te ñu tudde ko Emanuwel,»*

muy tekki «Yàlla mu ngi ak nun.»
[24] Bi Yuusufa yeewoo mu def li ko malaaka Boroom bi digal. Mu jël
Maryaama jabaram, andi ko këram. [25] Waaye àndul woon ak moom
ba keroog muy am doomam bu góor, te mu tudde ko Yeesu.

# 2

## Erodd mu ngi wuta rey Yeesu

[1] Yeesu juddoo na ci dëkku Betleyem, ci diiwaanu Yude ci jamono
bi Erodd bu mag nekkee buur. Gannaaw bi Yeesu juddoo ay boroom
xam-xam jóge woon nañu penku ñëw Yerusalem di laajte, [2] naan:
«Ana Buuru Yawut biy doora juddu? Ndaxte gis nanu biddéewam
feeñ ci penku, te danoo ñëw ngir màggal ko.»
[3] Bi buur bi Erodd yégee loolu mu jaxasoo, moom ak waa
Yerusalem yépp. [4] Mu woolu njiiti-jébbalkati-sarax yi ak
jàngalekati-yoonu-Musaa te laaj leen fu Almasi bi wara juddoo. [5] Ñu
tontu ko ne: «Ca Betleyem ci diiwaanu Yude, ndaxte lii la yonent bi
bind:

[6] *"Yaw Betleyem, ci diiwaanu Yude,*
*nekkoo dëkk bi gëna ñàkk solo ci dëkk yu màgg yi nekk ci diiwaanu Yude.*
*Ndaxte ci yaw la njiit biy jiite Israyil sama askan di jóge."*»

[7] Noonu Erodd woolu boroom xam-xam yi ci kumpa, te laaj leen
ngir xam kañ la biddéew bi feeñ. [8] Noonu mu yebal leen Betleyem
ne leen: «Demleen ngeen seet bu wóor xale bi, te bu ngeen ko gisee
ngeen xamal ma ko, ngir ma dem man tamit màggal ko.»
[9] Gannaaw bi ñu dégloo buur bi ba noppi, ñu dem, te biddéew bi
ñu gisoon ci penku jiite leen ba yegg, mu tiim béréb bi xale bi
nekkoon. [10] Bi ñu gisaatee biddéew bi ñu fees ak mbégte bu réy.
[11] Ñu dugg ci kër gi te gis xale bi ak yaayam Maryaama. Ñu sukk
ngir màggal xale bi, te ñu ubbi li nu andaale woon, may ko wurus,
cuuraay ak xeetu latkoloñ bi ñuy wax miir. [12] Gannaaw loolu Yàlla
artu leen ci gént ngir ñu baña dellu ci Erodd. Ñu daldi jël beneen
yoon ngir dellu seen réew.

[13] Bi ñu demee benn malaaka Boroom bi feeñu Yuusufa ci gént te
ne ko: «Jógal, nga jël xale bi ak yaayam, te nga daw dem réewu
Misra, nga des fa, ba ma wax la nga dellusi. Ndaxte Erodd day seet
xale bi ngir rey ko.» [14] Yuusufa daldi jóg, jël xale bi ak yaayam ci
guddi gi, te dem làquji ci Misra. [15] Mu des fa ba Erodd dee. Loolu am
na ngir matal li Boroom bi waxoon jaarale ko ci yonent bi, bi mu
ne: *«Woo na sama Doom mu génn Misra.»*
[16] Bi Erodd yégee ne boroom xam-xam yi nax nañu ko mu daldi
mer lool. Mu joxe ndigal ngir ñu rey xale yu góor yépp yi nekk
Betleyem ak li ko wër dale ko ci ñaari at jëm suuf, méngook jamono
ji ko boroom xam-xam yi waxoon ne ci la biddéew bi feeñoon.
[17] Noonu mat na li yonent Yàlla Yeremi waxoon bi mu ne:

[18] *«Dégg nañu benn baat ci dëkku Raama,*
*ay jooy ak ay naqarlu.*
*Rasel mooy jooy ay doomam,*
*te bëggul ñu dëfël ko,*
*ndaxte dee nañu.»*

[19] Gannaaw bi Erodd deewee benn malaaka Boroom bi feeñu
Yuusufa ci gént ca Misra [20] ne ko: «Jógal, nga jël xale bi ak yaayam,
te nga dellu ak ñoom ci réewu Israyil, ndaxte ñi doon wuta rey xale
bi dee nañu.» [21] Yuusufa daldi jóg, jël xale bi ak yaayam te dellu ci
réewu Israyil. [22] Waaye bi mu yégee ne Arkelawus moo wuutu
baayam ci nguuru Yude, mu ragala dem foofu. Gannaaw bi ko Yàlla
joxee ndigal ci gént, mu dem làquji ci diiwaanu Galile, [23] te dem
dëkk ci benn dëkk bu ñuy woowe Nasaret ngir kàddu gii yonent yi
waxoon mat: «Dinañu ko woowe Nasareen.»

# 3

## Yaxya mu ngi waare tey sóob nit ñi ci ndox

[1] Ci jamono jooju la Yaxya feeñoon di waare ci biir màndiŋu Yude,
[2] di wax ne: «Tuubleen seeni bàkkaar ndaxte nguuru asamaan si
jegesi na.» [3] Yaxya mooy ki yonent Yàlla Esayi doon wax bi muy
naan:

*«Lii mooy baatu nit kiy yuuxu ci biir màndiŋ bi, naan:*
*"Waajalleen yoonu Boroom bi.*
*Defarleen yoonam yi, ñu jub."»*

[4] Yaxya daan na sol yére bu ñu ràbbe kawaru giléem te takk ci
ndiggam takkukaay bu ñu defare der. Da doon lekk soccental ak
lemu àll. [5] Waa Yerusalem, waa diiwaanu Yude yépp ak waa diiwaan
bi nekk ci wetu dexu Yurdan bépp doon nañu ñëw ci moom. [6] Dañu
doon wax seeni bàkkaar ci kanamu ñépp, te noonu Yaxya di leen
sóob ci ndox ci dexu Yurdan.

[7] Ñu bari ñu bokkoon ci tarixa Farisen ak ci tarixa Sadusen doon
nañu ñëw ci moom ngir mu sóob leen ci ndox. Bi leen Yaxya gisee
mu ne leen: «Yeen ñi fees ak daŋar mel ni jaan, kan moo leen jàngal
ngir ngeen daw merum Yàlla mi nara wàcc? [8] Woneleen nag ci seen
jëf ne tuub ngeen seeni bàkkaar. [9] Buleen xalaat ne mën ngeen wax
ci seen xel ne: "Nun, am nanu Ibraayma ni baay," ndaxte maa ngi
leen koy wax, ci xeer yii, Yàlla mën na cee sàkkal Ibraayma ay
doom. [10] Sémmiñ bi jege na ba noppi ngir dagg reeni garab yi. Bépp
garab bu meññewul meññeef bu baax, dinañu ko dagg te sànni ko
ci safara si. [11] Man, maa ngi leen di sóob ci ndox ngir nit ñi tuub
seeni bàkkaar, waaye kenn ku ma ëpp kàttan dina ñëw ci sama
gannaaw. Yelloowuma sax tekki ay dàllam. Kooku dina leen sóob ci
Xel mu Sell mi ak ci safara. [12] Mu ngi yor layu ci loxoom te dina

teqale pepp bi ak xatax bi. Dina dajale pepp yi ci sàqam waaye dina
lakk xatax bi ci safara bu dul fey mukk».
[13] Ci jamono jooju, Yeesu jóge diiwaanu Galile, ñëw ci Yaxya ci
dexu Yurdan ngir mu sóob ko ci ndox, [14] waaye Yaxya bëgg ko ko
tere, naan: «Yaa ngii ñëw ci man? Moona man maa soxla nga sóob
ma!» [15] Yeesu tontu ko: «Bàyyil noonu, ndaxte ci lanuy matal lépp li
jub ci kanamu Yàlla.» Noonu Yaxya nangu. [16] Bi ko Yaxya sóobee ci
ndox ba noppi, Yeesu génn ci ndox mi. Ci saa si asamaan si ubbeeku
ngir moom te Xel mu Sell mi wàcc ci jëmm ju mel ni pitax te ñëw ci
moom [17] te benn baat jóge ci asamaan ne: «Kii mooy sama doom ji
ma sopp. Ci moom laa ame bànneex.»

# 4

## Seytaane fiir na Yeesu

[1] Noonu Xel mu Sell mi yóbbu Yeesu ba ci biir màndiŋ ba ngir
Seytaane fiir ko fa. [2] Bi mu fa nekkee, lekkul woon ñeent fukki
bëccëg ak ñeent fukki guddi, te noonu mu xiif. [3] Seytaane jegesi ko
te ne ko: «Su fekkee yaay doomu Yàlla, joxal ndigal xeer yi ñu nekk
mburu.» [4] Yeesu tontu ko ne: «Mbind mi nee na: "*Nit du dunde
mburu rekk, waaye itam bépp kàddu bu génne ci gémmiñu Yàlla.*"»
[5] Noonu Seytaane yóbbu ko ci Yerusalem, dëkk bu sell bi, teg ko ci
collu kër-Yàlla gi, [6] te ne ko: «Su fekkee yaay doomu Yàlla, tëbal te
nga daanu ci suuf, ndaxte Mbind mi nee na:

*"Yàlla dina jox malaakaam yi ndigal ci sa mbir*
*te ñu téye la ci seeni loxo*
*ngir bañ say tànk fakkastalu ci xeer."*»

[7] Yeesu ne ko: «Mbind mi wax na tamit ne: "*Bul seetlu Yàlla sa
Boroom.*"»
[8] Gannaaw loolu, Seytaane yóbbu ko ci tund bu kawe lool te won

ko nguuri àddina si yépp ak seeni màggaay 9 te ne ko: «Dinaa la may
lii lépp soo sukkee ci sama kanam, màggal ma.» 10 Noonu Yeesu
tontu ko ne: «Sori ma, Seytaane, ndaxte Mbind mi nee na: "*Bul sukk*
*ci kanamu kenn ku dul Yàlla sa Boroom te di ko jaamu moom rekk.*"»
11 Noonu Seytaane bàyyi ko te ay malaaka ñëw ci Yeesu di ko
toppatoo.

### Yeesu tàmbale na liggéeyam ci Galile.

12 Bi Yeesu déggee ne tëj nañu Yaxya ci kaso bi, mu dem diiwaanu
Galile. 13 Foofu mu jóge dëkku Nasaret, dem dëkk Kapernawum, di
benn dëkk bu féete ci dexu Galile, te nekk ci diiwaan bi Yàlla
mayoon giiri Sabulon ak Neftali. 14 Loolu am na ngir matal li yonent
Yàlla Esayi waxoon, bi mu ne:

15 *«Yaw diiwaanu Sabulon ak diiwaanu Neftali,*
*di yoonu géej gannaaw dexu Yurdan!*
*Yaw Galile di diiwaan bu bari ñi dul Yawut.*
16 *Askan bi dëkkoon foofu ci lëndëm*
*gis na benn leer bu mag,*
*te ñi dëkkoon ci réew bi takkandeeru dee tiim,*
*benn leer fenk na ci ñoom.»*

17 Dale ko ci waxtu boobu, Yeesu tàmbale waare naan: «Tuubleen
seeni bàkkaar ndaxte nguuru asamaan si jegesi na.»
18 Benn bés Yeesu doon dox ci tefesu dexu Galile, mu gis ñaari
nappkat yu bokk ndey ak baay: Simoŋ mi ñuy woowe Piyeer ak
Andare. Ñu doon sànni seeni mbaal ci dex bi. 19 Yeesu nee leen:
«Toppleen ma te dinaa leen def ay nappkatu nit.» 20 Ci saa si ñu
bàyyi seen mbaal yi te topp ko. 21 Bi Yeesu demee ba ci kanam, mu
gisaat ñaar ñu bokk ndey ak baay: Saak ak Yowaana ñiy doomi
Sebede. Nekkoon nañu ci seen biir gaal ak seen baay Sebede di
defaraat seen mbaal yi. Yeesu woo leen. 22 Ci saa si ñu bàyyi seen

gaal ak seen baay te topp ko.
23 Yeesu doon na wër diiwaanu Galile bépp di jàngale ci seen
kër-ñaan yi, di yégle xibaar bu baax biy wax ci nguuru Yàlla gi, te di
wéral nit ñi ci seen feebar yépp ak ci seen jàngoro yépp. 24 Turam
daldi siiw ci réewu Siri yépp. Dañu ko doon andil ñépp ñi ay feebar
yu wuute ak ay jàngoro yu bari sonaloon, ñi ay rab jàppoon, ñi am
feebaru say, ak ay làggi, te Yeesu wéral leen ñoom ñépp. 25 Mbooloo
mu bari doon na ko topp: nu ngi jóge woon ci diiwaanu Galile ak ci
diiwaan bi ñuy woowe fukki dëkk yi, ak ci dëkku Yerusalem, ak ci
diiwaanu Yude, ak ci diiwaan bi féete gannaaw dexu Yurdan.

# 5

## Yeesu mu ngi tàmbalee jàngale ci barke bu wóor bi ci kaw tund bi

1 Bi Yeesu gisee mbooloo mi, mu yéeg ci benn tund te toog.
Taalibeem yi ñëw ci wetam. 2 Mu jël kàddu gi te di leen jàngal naan:

3 «Barkeel nañu ñi xam seen néew doole,
ndaxte nguuru asamaan si ñoo ko moom.
4 Barkeel nañu ñi di naqarlu,
ndaxte Yàlla dina leen dëfël.
5 Barkeel nañu ñiy suufeelu,
ndaxte dinañu donn àddina si.
6 Barkeel nañu ñiy wut njubte ak seen xol bépp,
ndaxte Yàlla dina leen ko may ba mu ne gàññ.
7 Barkeel nañu ñi yërëm seeni moroom,
ndaxte Yàlla dina leen yërëm.
8 Barkeel nañu ñi am xol bu set,
ndaxte dinañu gis Yàlla.
9 Barkeel nañu ñi di sàkku jàmm ci diggante nit ñi,

ndaxte Yàlla dina leen woowe ay doomam.
[10] Barkeel nañu ñi ñuy fitnaal ndax ni ñu déggal Yàlla,
ndaxte nguuru asamaan si ñoom ñoo ko moom.
[11] Barkeel ngeen bu leen nit ñi di saaga,
di leen fitnaal,
te di leen sosal ndax man.
[12] Àndleen ak mbégte te bànneexu,
ndaxte Yàlla mu ngi leen di waajal neexal bu mag ci asamaan.
Ñoom noonu lañu doon fitnaale yonent yi fi nekkoon laata yeen.

[13] «Yeenay xoromu àddina si. Su xorom ñàkkee cafkaam, naka
lañu koy mëna sàppalee? Dootul am njériñ. Mënuñu lu dul sànni ko
ci biti te nit ñi di dox ci kawam.

[14] «Yeenay leeru àddina si. Dëkk bu nekk ci kaw tund, mënuñu ko
nëbb. [15] Kenn du taal làmp di ci dëpp leket, waaye dañu koy wékk,
muy leeral ñépp ñi nekk ci kër gi. [16] Noonu ngeen wara leere ci
kanamu nit ñi ngir ñu gis seeni jëf yu baax tey màggal seen Baay bi
ci asamaan.

[17] «Buleen xalaat ne dama ñëw ngir dindi yoonu Musaa walla li
yonent yi bind. Ñëwuma ngir dindi leen waaye ngir matal leen,
[18] ndaxte ci dëgg maa ngi leen koy wax, feek asamaan ak suuf
weesuwuñu benn araf walla benn rëdd bu gëna ndaw sax ci yoonu
Musaa du deñ ba keroog lépp di mat. [19] Kon nag képp ku dindi
ndigal bu gëna tuuti sax tey jàngal ñeneen ñi ñu def ni moom,
dinañu ko woowe ki gëna tuuti ci nguuru asamaan si. Waaye ki leen
di jëfe te di leen jàngale, kooku dinañu ko woowe ku màgg ci
nguuru asamaan si. [20] Maa ngi leen koy wax, su fekkee seen njubte
ëppul bu jàngalekati yoonu Musaa ak bu Farisen yi, dungeen dugg
mukk ci nguuru asamaan si.

[21] «Déggoon ngeen ñu wax sunu maam yi ne: "*Bul rey nit.* Ku rey nit
dinañu la yóbbu ci kanamu àttekat bi." [22] Waaye man maa ngi leen
di wax ne, ku mere sa mbokk, dinañu la yóbbu ci kanamu àttekat
bi. Ku wax sa mbokk: "Doo dara," dinañu la yóbbu ci kanamu
kurélu àttekaay bi. Te ku ko wax ne: "Amoo xel," yelloo nga dugg
safara. [23] Su fekkee nag danga ñëw ngir jox Yàlla sa sarax ci
saraxlukaay bi, te foofu nga fàttaliku ne sa mbokk am na lu mu la
mere, [24] bàyyil foofu sa sarax ci kanamu saraxlukaay bi, te nga dem
juboo ak sa mbokk ba noppi, te nga dellusi, jox Yàlla sa sarax. [25] Bu
la nit tuumaale te ngeen ànd di dem ci kër-àttekaay bi, fexeel ba
nga juboo ak moom bi ngeen nekkee ci yoon bi. Lu ko moy ki lay
tuumaal dina la jébbal àttekat bi, te àttekat bi jébbal la takk-der yi,
te ñu tëj la ci kaso bi. [26] Ci dëgg maa ngi la koy wax: doo fa génn feek
feyuloo lépp ba ci fiftin bu mujj.
[27] «Déggoon ngeen ñu waxoon ne "*bul njaaloo.*" [28] Waaye man maa
ngi leen di wax ne: ku xemmem jigéen, njaaloo nga ak moom ba
noppi ci sa biir xol. [29] Te bu la sa bëtu ndeyjoor di xiir ci bàkkaar,
lóqati ko te nga sànni ko fu sori, ndaxte ñàkk benn cér ci sa yaram
moo gën ci yaw ñu sànni sa yaram bépp ci safara. [30] Te bu la sa loxo
ndeyjoor di xiir ci bàkkaar, dagg ko te nga sànni ko fu sori, ndaxte
ñàkk benn cér ci sa yaram moo gën ci yaw ñu sànni sa yaram bépp
ci safara.
[31] «Waxoon nañu tamit ne: "*Ku fase jabaram, war na ko bindal benn
bataaxal buy wone ne fase na ko.*" [32] Waaye man maa ngi leen di wax
ne: ku fase jabaram bu dul ci njaaloo, yaa koy xiir ci njaaloo; te ku
takk jigéen bu jëkkëram fase, njaaloo nga.
[33] «Déggoon ngeen tamit ñu wax sunu maam yi ne: "*Bul waat ci lu
dul dëgg, waaye matalal sa waat bi nga def ci kanamu Boroom bi.*"
[34] Waaye man maa ngi leen di wax ne: buleen waat mukk, muy ci

asamaan ndaxte mooy baŋu nguuru Yàlla, 35 muy ci suuf si ndaxte
mooy béréb bi muy teg ay tànkam, walla muy ci Yerusalem ndaxte
mooy dëkku Buur bu mag bi. 36 Bul waat tamit ci sa bopp ndaxte
mënuloo fexe ba sa kawar weex mbaa mu ñuul. 37 Waaye na seen
waaw nekk waaw te seen déet nekk déet. Lépp lu ngeen ci yokk ci
Seytaane la jóge.

38 «Déggoon ngeen ñu wax ne: "*Bët, bëta koy fey, te bëñ, bëña koy
fey.*" 39 Waaye man maa ngi leen di wax ne: bul bañ ku la def lu bon.
Bu la nit mbejee ci sa lexu ndeyjoor, jox ko bi ci des. 40 Bu la nit
bëggee yóbbu ci yoon ngir jël sa yére bu ndaw bi nga sol, joxaale ko
tamit sa mbubb bu mag bi. 41 Su la nit sëfee dara ci doxub benn
kilomet àndal ak moom ci ñaari kilomet. 42 Mayal ki lay ñaan te bul
won gannaaw ki lay leb.

43 «Déggoon ngeen ñu wax ne: "*Nanga bëgg sa moroom* te nga bañ sa
noon." 44 Waaye man maa ngi leen di wax ne: bëggleen seeni noon,
tey ñaanal ñi leen di fitnaal. 45 Ndaxte seen Baay bi ci asamaan day
fenkal jantam ci kaw ñu bon ñi ak ñu baax ñi tamit, tey wàcce
tawam ci ñu jub ñi ak ñu jubadi ñi. Te ci noonu ngeen di wone ne
nekk ngeen dëgg ay doomam. 46 Su fekkee nag ñi leen bëgg rekk
ngeen bëgg, ban neexal ngeen ciy jële? Juutikat yi sax noonu lañuy
jëfe. 47 Su fekkee ne seeni mbokk rekk ngeen di nuyu, lan ngeen def
lu yéeme? Ñi gëmul Yàlla sax noonu lañuy jëfe. 48 Yeen nag na
ngeen mat ni seen Baay bi ci asamaan mate.»

# 6

## Yeesu mu ngi wéyal njàngaleem ci barke bu wóor bi ci kaw tund bi

1 «Moytuleen di matal seeni jëfu njubte ci kanamu nit ñi, ngir
wonewu ci seen kanam. Lu ko moy, dungeen jot neexal ci seen Baay

bi ci asamaan. [2] Booy may néew-di-doole yi dara, bu ko siiwal ni ko
naaféq yi di defe ci kër-ñaan yi ak ci mbedd yi ngir nit ñi di leen
màggal. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu ba noppi seen
neexal bépp. [3] Waaye yaw booy may néew-di-doole yi dara, bu sa
loxo càmmoñ xam li sa loxo ndeyjoor di def, [4] ngir sa may nekk
kumpa te sa Baay biy gis li ngay def ci kumpa dina la neexal.
[5] «Bu ngeen di ñaan Yàlla, buleen mel ni naaféq yi, ndaxte ñoom ci
kër-ñaan yi ak ci catu mbedd yu mag yi lañuy bëgga taxaw di ñaan
ngir ñépp gis leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu ba noppi
seen neexal bépp. [6] Waaye yaw booy ñaan duggal ci sa néeg bi gëna
ruqe, tëj bunt bi te nga ñaan sa Baay bi fa nekk ci béréb bi umpe, te
sa Baay biy gis li ngay def ci kumpa dina la neexal. [7] Ci seen ñaan
buleen di bambtu rekk ay wax yu amul njériñ, mel ni ñiy jaamu
yàlla yu dëgguwul yi, ndaxte dañuy xalaat ne seeni yàlla dinañu
leen déglu ndax seen wax yu bari. [8] Buleen mel ni ñoom, ndaxte
yeen, seen Baay xam na li ngeen soxla laata ngeen koy ñaan.
[9] «Yeen nag, nii ngeen wara ñaane:

Sunu Baay bi ci asamaan
na ñépp yékkëti sa tur,
[10] na sa nguur ñëw,
na sa coobare am
ci suuf si ni mu ame ci asamaan.
[11] May nu tey li nuy dunde
[12] te nga baal nu sunuy bàkkaar,
ni nuy baale, nun tamit, ñi nu tooñ.
[13] Bu nu yóbbu ci fiir, waaye musal nu ci ku bon ki,
ndaxte yaw, yaa yelloo nguur, kàttan ak màggaay ba fàww,
amiin!

[14] Su ngeen baalee nit ñi leen di tooñ, seen Baay bi ci asamaan tamit

dina leen baal. [15] Waaye su ngeen dul baal nit ñi, seen Baay du leen
baal seen bàkkaar yi tamit.
[16] «Su ngeen di woor, buleen tiisal seen kanam yi ni ko naaféq yi di
defe, ndaxte ñoom dañuy ñaawal seen kanam yi ngir won ñépp ne
dañoo woor. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu ba noppi seen
neexal bépp. [17] Waaye yaw booy woor sëlmul te nga xeeñal sa bopp
[18] ngir nga baña won nit ñi ne danga woor, te sa Baay biy gis li ngay
def ci kumpa dina la neexal.
[19] «Buleen dajale alalu àddina si fu max yi ak xomaag yi di ko yàqe
te sàcc yi dugg, jël ko. [20] Waaye dajaleleen alal yi ci asamaan fu max
ak xomaag yi dul yàqe te sàcc yi duñu dugg di ko jël. [21] Ndaxte fu sa
alal nekk foofu la sa xol di nekk itam.
[22] «Bët mooy làmpu yaram. Bu sa bët baaxee, sa yaram béppay
nekk ci leer. [23] Waaye bu sa bët bonee, sa yaram béppay nekk ci
lëndëm. Su fekkee nag leer bi nekk ci yaw lëndëm la, lëndëm boobu
dina réy lool!
[24] «Kenn mënul jaamoondoo ñaari sang. Dina bañ kii, te bëgg ki ci
des, walla mu fonk kii te xeeb ki ci des. Mënuleen boole jaamu Yàlla
ak jaamu alal.
[25] «Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, buleen jaaxle ci seen
dund ci li ngeen wara lekk, walla ci seen yaram li ngeen wara sol.
Ndax seen dund ëppul solo lekk? Te seen yaram, ëppul solo yére?
[26] Xoolleen picci asamaan si: duñu ji, duñu góob, duñu dajale dara ci
sàq yi. Waaye seen Baay bi ci asamaan mu ngi leen di dundal. Ndax
ëppuleen solo fuuf picc yi? [27] Kan ci yeen moo mëna jaaxle ba yokk
ab diir ci dundam? [28] Te lu tax ngeen di jaaxle ci lu jëm ci yére?
Xoolleen, ni tóor-tóori ñax mi di saxe ci tool yi, duñu liggéey, duñu
ràbb yére, [29] moona maa ngi leen koy wax: buur bi Suleymaan ci
alalam yépp, mësul soloo ni benn ci ñax yooyu. [30] Su Yàlla di solale

nii ñax yi nekk ci tool bi tey, bu subaa ñu sànni ko ci taal, ndax du
leen defal lu ëpp loolu? Yeen daal, yeena tuuti ngëm. [31] Buleen
jaaxle nag di wax ne: "Lu nuy lekk?" walla "Lu nuy naan?" walla
"Lu nuy sol?" [32] Ndaxte loolu lépp xeeti àddina yi gëmul Yàlla ñoo
koy wut. Waaye yeen, seen Baay bi ci asamaan xam na ne soxla
ngeen ko. [33] Wànte jëkkleen wut nguuru Yàlla ak njubteem, te Yàlla
dina leen jox lépp li ci des. [34] Buleen jaaxle nag ngir ëllëg, ndaxte
ëllëg dina toppatoo boppam. Bés bu nekk coonoom doy na ko.»

# 7

## Yeesu mu ngi jàngale nu jàppe ñeneen ñi ni sunu bopp

[1] «Buleen àtte ngir ñu bañ leena àtte, [2] ndaxte Yàlla dina leen àtte
ni ngeen di àtte ñeneen ñi. Te ni ngeen di nattale ñeneen ñi, noonu
lañu leen di nattale. [3] Lu tax ngay xool ñax bi nekk ci sa bëtu
moroom te gisoo bant bi nekk ci sa bët? [4] Walla naka ngay waxe sa
moroom ne: "Bàyyil ma dindil la ñax bi ci sa bët," fekk ne yaw, am
na bant bu nekk ci sa bët? [5] Naaféq bi! Génneel bant bi nekk ci sa
bët ba noppi. Bu booba dinga gis bu baax te mëna génne ñax bi
nekk ci sa bëtu moroom. [6] Buleen jox xaj yi lu sell, ngir bañ ñu
walbatiku, xotti leen. Buleen sànni seeni per ci kanamu
mbaam-xuux yi, ngir bañ ñu dëggaate per yi.

[7] «Ñaanleen, ñu may leen. Seetleen te dingeen gis. Fëggleen, ñu
ubbil leen. [8] Ndaxte ku ñaan ñu may la, te ku seet dinga gis, te ku
fëgg ñu ubbil la. [9] Kan ci yeen mooy jox xeer doomam, fekk mu
ñaan ko mburu, [10] walla mu ñaan ko jën, mu jox ko jaan? [11] Yeen ñu
bon ñi, segem yeena mëna jox seen doom lu baax, rawatina seen
Baay bi ci asamaan, moom dina jox lu baax ñi ko koy ñaan. [12] Kon
nag ci lépp, li ngeen bëgg nit ñi defal leen ko, yeen tamit, na ngeen
leen ko defal. Loolu mooy li yoonu Musaa ak téere yonent yi di

jàngale.
[13] «Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte yoon biy jëm ci sànku dafa
yomb, te bunt bi yaatu. Ñi ciy jaar bari nañu. [14] Waaye yoon bi jëm
ci dund gi dafa sew, te bunt bi xat, te ñi ko gis bariwuñu.
[15] «Moytuleen yonent yu dëgguwul yi. Dañuy ñëw ci yeen yor
jëmmu xar, waaye ci biir ay bukki yu soxor lañu. [16] Dingeen leen
xàmme ci seeni jëf. Kenn du witt reseñ ci garabu kàdd te kenn du
witt gaŋ ci xaaxaam. [17] Noonu tamit bépp garab bu baax ay meññeef
yu baax lay meññ waaye garab bu bon ay meññeef yu bon lay
meññ. [18] Garab bu baax mënula am meññeef yu bon walla garab bu
bon di am meññeef yu baax. [19] Bépp garab bu dul meññ meññeef bu
baax, dinañu ko dagg te sànni ko ci safara si. [20] Noonu nag, yonent
yu dëgguwul yi, ci seeni jëf ngeen leen di xàmmee.
[21] «Du ñépp ñi may woowe "Boroom bi, Boroom bi" ñooy dugg ci
nguuru asamaan si, waaye ñiy def sama coobare Baay bi ci
asamaan. [22] Ci bésu àtte bi, ñu bari dinañu ma wax ne: "Boroom bi,
Boroom bi, ndax du ci sa tur lanu daan waare di wax ci turu Yàlla?
Ndax du ci sa tur lanu daan dàqe rab yi? Ndax du ci sa tur lanu
daan defe ay kéemaan yu bari?" [23] Noonu dinaa leen wax ne:
"Mësuma leena xam. Sorileen ma, yeen ñiy def lu bon."
[24] «Kon nag, képp kuy déglu samay kàddu te di leen jëfe day mel ni
nit ku am xel ku tabax këram ci kaw doj bi. [25] Taw bi wàcc te dex bi
wal. Ngelaw li jóg ak doole, dal ci kër ga, waaye daanuwul ndaxte
dañu ko tabax ci kaw doj bi. [26] Waaye képp kuy déglu samay kàddu
te du leen jëfe day mel ni nit ku ñàkk xel ku tabax këram ci kaw
suuf si. [27] Taw bi wàcc te dex bi wal. Ngelaw li jóg ak doole ci kaw
kër gi, mu daldi màbb ba tasaaroo.»
[28] Bi Yeesu waxee kàddu yooyu ba noppi, mbooloo mi daldi yéemu
ci njàngaleem [29] ndaxte da doon jàngale ak sañ-sañ bu

jàngalekati-Yoonu-Musaa amul.

# 8

### Yeesu mu ngi wéral nit ñu bari ci ay feebar yu wuute

1 Yeesu wàcc ci tund bi te mbooloo mu bari topp ko. 2 Noonu benn
waay bu amoon feebaru ngaana ñëw ci moom te sukk ci kanamam
ne ko: «Boroom bi soo ko bëggee, mën nga ma setal.» 3 Yeesu tàllal
loxoom, laal ko, te nee ko: «Bëgg naa ko. Setal.» Ci saa si ki amoon
feebaru ngaana bi daldi set. 4 Noonu Yeesu ne ko: «Déglul bu baax!
Bul ko wax kenn. Waaye demal nga won sa bopp jébbalkatu-sarax
si, te nga joxe sarax si, ni ko yoonu Musaa diglee, te loolu dina nekk
seede ngir ñoom.»

5 Gannaaw loolu Yeesu dugg na Kapernawum. Benn njiitu soldaaru
Room jegesi ko te ñaan ko, 6 ne ko: «Boroom bi, sama surgaa nga ci
kër ga, dafa feebar ba làggi te sonn lool.» 7 Yeesu ne ko: «Dinaa ñëw
wéral ko.» 8 Waaye njiitu soldaar bi tontu ko ne: «Boroom bi,
yelloowuma nga dugg sama kër, waaye waxal benn kàddu rekk te
sama surga bi dina wér. 9 Ndaxte man tamit am naa ay kilifa yu may
jiite, te jiite naa ay soldaar yu may jox ndigal. Su ma nee kii
"Demal," mu dem! Su ma nee kee "ñëwal," mu ñëw! Su ma nee
kenn ci samay surga: "Defal lii," mu def ko.» 10 Bi Yeesu déggee
loolu, mu daldi yéemu, wax ñi koy topp ne: «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, mësuma gis ci Israyil ku ngëmam réye nii. 11 Maa ngi leen
koy wax, ñu bari dinañu jóge penku ak sowu, dinañu lekkandoo ak
Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba ci nguuru asamaan si. 12 Waaye ñi
waroona donn nguur gi, dinañu leen sànni ci biti, ci lëndëm gi, fi
am ay jooy ak ay yéy bëñ.» 13 Noonu Yeesu wax njiitu soldaar bi ne:
«Demal, dina am ni nga ko gëme,» te ci saa si surga bi daldi wér.

14 Yeesu dem ci kër Piyeer, fekk na yaayu jabaru Piyeer tëdd. Dafa

amoon yaram bu tàng. [15] Yeesu laal loxoom te tàngooru yaram bi
bàyyi ko; mu jóg te di ko toppatoo. [16] Ci ngoon si ñu andil Yeesu ñu
bari ñu rab jàpp, mu dàq rab yi ci ay kàddoom te wéral ñépp ñi
feebaroon. [17] Noonu mu matal kàddu yonent Yàlla Esayi bii:

*«Jël na sunuy laago*
*te gàddu sunuy jàngoro.»*

## Ñaari nit yu bëggoona topp Yeesu

[18] Bi Yeesu gisee mbooloo mu bari wër ko, mu jox ndigal ay
taalibeem ñu jàll ci beneen wetu dexu Galile. [19] Benn jàngalekatu
yoonu Musaa jegesi ko te ne ko: «Jàngalekat bi, dinaa la topp foo
mëna dem.» [20] Yeesu tontu ko ne: «Xaju àll yi am nañu ay pax yu ñu
dëkk; picc yi am nañu ay tàgg; waaye Doomu nit ki amul fu mu teg
boppam ngir noppalu.» [21] Kenn ci taalibeem yi ne ko: «Boroom bi,
may ma, ma dem suul sama pàppa ba noppi.» [22] Waaye Yeesu tontu
ko ne: «Topp ma, te bàyyil ñi dee suul seeni néew.»

## Yeesu mu ngi dalal ngelaw bu réy bi

[23] Yeesu yéeg ci gaal gi, taalibeem yi topp ko. [24] Jekki-jekki, ngelaw
lu réy daldi jóg ci dex gi, ba tax gaal gi fees ak ndox. Boobu, Yeesu
mu ngi doon nelaw. [25] Taalibe yi jegesi ko, yee ko, ne ko: «Boroom
bi, musal nu! Nu ngi suux!» [26] Mu ne leen: «Lu tax ngeen ragal,
yeena tuuti ngëm?» Noonu Yeesu jóg, gëdd ngelaw li ak dex bi, lépp
daldi dal. [27] Nit ñi daldi waaru te ne: «Kii mooy kan, ba ngelaw li ak
dex bi sax di ko déggal?»

## Yeesu mu ngi wéral ñaari nit yu rab jàppoon

[28] Bi Yeesu yegsee ci beneen wetu dex gi ci diiwaanu Gadara, ñaari
nit yu rab jàpp daldi génn ci armeel bi, ñëw dajesi ak moom. Dañoo
soxoroon ba kenn ñemeetul woon jaar ci yoon boobu. [29] Noonu ñu
yuuxu naan: «Loo nu bëggal, Doomu Yàlla ji? Ndax danga ñëw fii

ngir metital nu laata waxtu bi?» [30] Fekk na ci waxtu boobu amoon
na géttu mbaam xuux yu bari bu doon wut lu ñuy lekk. [31] Rab yi
ñaan Yeesu ne: «Boo nu naree dàq, sànni nu ci géttu mbaam xuux
bii.» [32] Mu ne leen: «Demleen.» Ñu génn ci ñaari nit ñi te dugg ci
mbaam xuux yi. Ci saa si gétt boobu nekkoon ci kaw tund bi daldi
gaawantu, tarxiis, daanu ci dex gi, te lab ci ndox mi. [33] Sàmmkati
mbaam xuux yi daldi daw, te dem ci dëkk bi, te nettali li daloon
ñaari nit yi rab jàppoon ak lépp li xewoon. [34] Noonu waa dëkk ba
yépp génn, dajesi ak Yeesu. Bi ñu ko gisee, ñu ñaan ko mu génn
seen diiwaan.

# 9

## Yeesu mu ngi wéral benn waay ju làggi te baal ko ay bàkkaaram

[1] Gannaaw loolu Yeesu yéeg ci gaal, jàll dex bi, dem ci dëkkam.
[2] Noonu, ñu andil ko benn waay bu làggi, tëddoon ci benn basaŋ. Bi
Yeesu gisee seen ngëm, mu wax nit ku làggi ki ne: «Sama doom, na
sa xel dal. Baal nañu la say bàkkaar.» [3] Amoon na fa ay
jàngalekati-yoonu-Musaa. Ñuy wax ci seen xel, naan: «Kii mu ngi
méngale boppam ak Yàlla!» [4] Yeesu xam seeni xalaat te ne leen: «Lu
tax ngeen am xalaat yu bon yii ci seen biir xol? [5] Lan moo gëna
yomb wax nit ki "baal nañu la say bàkkaar" walla "jógal te nga
dox"? [6] Li ma bëgga def mooy ngir ngeen xam ne Doomu nit ki am
na sañ-sañ ci àddina si baale bàkkaar yi.» Noonu mu wax ku làggi ki
ne: «Jógal, jël sa basaŋ te nga ñibbi.» [7] Nit ki daldi jóg te ñibbi
këram. [8] Bi mbooloo mi gisee loolu, ñu daldi ànd ak tiitange di
màggal Yàlla, moom mi jox nit ñi sañ-sañ bu tollu noonu.

## Yeesu tànn na Macë juutikat bi

[9] Bi Yeesu jóge foofu di dem, mu gis benn juutikat bu tudd Macë te
mu toog ci bérébu liggéeyukaay bi. Yeesu ne ko: «Topp ma.» Macë
jóg te topp ko. [10] Gannaaw loolu Yeesu doon lekk ci këru Macë; ay
juutikat yu bari ak ay bàkkaarkat ñëw nañu di lekkandoo ak moom
ak taalibeem yi. [11] Bi Farisen yi gisee loolu, ñu wax taalibe Yeesu yi
ne: «Lu tax seen jàngalekat bi di lekkandoo ak ay juutikat ak ay
bàkkaarkat?» [12] Bi Yeesu déggee loolu mu wax ne: «Du ñi wér ñoo
soxla fajkat waaye ñi wéradi. [13] Man damaa ñëw ngir woo
bàkkaarkat yi ñu tuub seeni bàkkaar, waaye du ñu jub ñi. Kon nag
demleen jàng li kàddu yii ci Mbind mi di tekki: "*Ngeen am yërmande
ci seen moroom, moo gën ngeen may rendil ay mala ni sarax.*" »

## Yeesu mu ngi wax ci lu jëm ci woor

[14] Noonu taalibe Yaxya yi ñëw wax Yeesu ne: «Nun ak Farisen yi
danuy faral di woor. Lu tax sa taalibe yi duñu woor?» [15] Yeesu tontu
leen ne: «Ndax xariti boroom séet bi mën nañu nekk ci naqar, feek
boroom séet bi mu ngi ak ñoom? Ay bés a ngi ñëw, ñu jële boroom
séet bi ci seen biir, te noonu dinañu woor.

[16] «Kenn du takkale daggitu piis bu bees ak benn yére bu màggat
bu xotteeku. Ndaxte daggit bi dina ñoddi yére bi te xotteeku bi
gëna yaatu. [17] Kenn du jël biiñ bu bees tamit di ko def ci ay mbuusu
der yu màggat. Lu ko moy mbuus ya dinañu xotteeku, biiñ bi tuuru
te mbuus ya yàqu. Waaye dañuy jël biiñ bu bees def ko ci ay
mbuusu der yu bees, te noonu ñoom ñaar duñu yàqu.»

## Yeesu mu ngi wéral ay nit yu bari

[18] Bi leen Yeesu di wax loolu, benn njiitu Yawut yegsi, sukk ci
kanamam, te ne ko: «Sama doom bu jigéen dafa dee léegi, waaye
ñëwal, nga teg ko ay loxo te dina dundaat.» [19] Yeesu daldi jóg te

topp ko, moom ak taalibeem yi. [20-21] Benn jigéen buy xëpp deret lu
tollu ci fukki at ak ñaar mu ngi fa woon. Mu wax ci xelam: «Su ma
fexee ba laal yéreem rekk, dinaa wér.» Mu jaare Yeesu gannaaw te
laal catu yéreem. [22] Yeesu walbatiku, gis ko, te ne ko: «Dalalal sa xel
sama doom bu jigéen. Sa ngëm wéral na la.» Ci saa si, jigéen ji wér.
[23] Bi Yeesu yegsee ci këru njiitu Yawut bi mu gis ay nit yuy mbiib
ndax dëj bi ak mbooloo muy def coow lu réy. [24] Noonu mu wax leen
ne: «Génnleen. Xale bu jigéen bi deewul, day nelaw rekk.» Waaye
ñu koy ñaawal. [25] Bi ñu génnee mbooloo mi ci biti, Yeesu dugg ci
biir néeg bi, téye loxo xale bu jigéen bi, te mu jóg. [26] Noonu xibaaru
li xewoon daldi siiw ci diiwaan ba yépp.
[27] Bi Yeesu jóge foofu ñaari gumba topp ko di yuuxu naan: «Sëtu
Daawuda, yërëm nu.» [28] Bi mu duggee ci kër gi, gumba yi jegesi ko
te mu laaj leen: «Ndax gëm ngeen ne mën naa def loolu?» Ñu tontu
ko ne: «Waaw, Boroom bi.» [29] Noonu mu laal seen bët yi ne: «Na
ame ni ngeen ko gëme,» [30] te seen bët yi ubbeeku. Yeesu artu leen
ak doole ne: «Fexeleen ba kenn bu mu yég li leen dal.» [31] Waaye
ñoom bi ñu génnee ñu tàmbalee siiwal xibaaru Yeesu ci diiwaan bi
yépp.
[32] Ci waxtu bi ñuy dem ñu andil Yeesu benn waay bu rab jàppoon
ba muumaloo ko. [33] Yeesu dàq rab bi, te muuma bi tàmbalee wax.
Mbooloo ma daldi yéemu tey wax ne: «Mësunu gis lu mel nii ci
Israyil.» [34] Waaye Farisen yi ne: «Ci kàttanu buuru rab yi lay dàqe
rab yi.»
[35] Yeesu doon na wër dëkk yépp ak gox yépp di jàngale ci kër-ñaan
yi, di yégle xibaar bu baax bi ci nguuru Yàlla gi, te wéral nit ñi ci
seen feebar yépp ak ci seen jàngoro yépp. [36] Bi mu gisee mbooloo yi
mu yërëm leen ndaxte nit ñi dañoo sonn te ñàkk yaakaar, mel ni ay
xar yu amul sàmmkat. [37] Noonu Yeesu ne taalibeem yi: «Ngóob bi

yaatu na waaye liggéeykat yi bariwuñu. [38] Ñaanleen boroom ngóob
bi ngir mu yónni ay liggéeykat ci ngóobam.»

## 10

### Yeesu mu ngi yónni fukki ndaw yi ak ñaar

[1] Yeesu woo fukki taalibeem yi ak ñaar, jox leen sañ-sañ ngir ñu
dàq rab yi te wéral bépp feebar ak bépp jàngoro. [2] Lii mooy turi
fukki ndaw yi ak ñaar: Simoŋ mi Yeesu doon woowe Piyeer, Andare
mi bokk ak Piyeer ndey ak baay, Saak doomu Sebede, ak Yowaana
mi mu bokkal ndey ak baay, [3] Filib, Bartelemi, Tomaa, Macë di
juutikat bi, Saak di doomu Alfe, ak Tade. [4] Simoŋ mi ñuy woowe ku
takku ci réewam, ak Yudaa Iskariyot, di ki mujjoona wor Yeesu.

[5] Noonu Yeesu yónni leen; mu jox leen ndigal ne: «Buleen dem ci
ñi nekkul Yawut te buleen dugg ci benn dëkk bu waa Samari,
[6] waaye demleen ci askanu Israyil, ñoom ñi mel ni ay xar yu reer.
[7] Fépp fu ngeen jaar, na ngeen yégle ne nguuru asamaan si jegesi
na. [8] Na ngeen wéral ñi feebar, dekkil ñi dee, setal ngaana yi, tey
dàq rab yi. Jot ngeen te feyuleen dara, kon nag joxeleen te buleen
laaj dara. [9] Buleen dajale wurus walla xaalis mbaa xànjar, bu ngeen
di def seen kalpe. [10] Buleen yóbbaale saaku tukki, ñaari yére, ay dal,
walla yet, ndaxte liggéeykat bi yelloo na li muy dunde. [11] Bu ngeen
duggee ci dëkk walla ci gox, na ngeen seet ku leen yelloo dalal.
Noonu ngeen des ci këram ba bi ngeen di dem. [12] Bu ngeen duggee
ci kër gi, nuyuleen waa kër ga, [13] te su fekkee ne yelloo nañu seen
jàmm, na wàcc ci ñoom. Waaye buñu ko yelloowul, na seen jàmm
dellusi ci yeen. [14] Su ñu leen bañee dalal walla nu baña déglu seeni
wax, génnleen ci kër googu walla ci dëkk boobu te faxas pënd bi
nekk ci seeni tànk. [15] Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ci bésu àtte ba,
waa réewu Sodom ak Gomor dinañu tane waa dëkk boobu.

16 «Xoolleen! Maa ngi leen di yónni ni ay xar ci biir ay bukki. Na
ngeen muus ni jaan te lewet ni pitax. 17 Waaye moytuleen nit ñi
ndaxte dinañu leen jébbal ci bérébu àttekaay yi te dinañu leen dóor
ay yar ci seen kër-ñaan yi. 18 Dinañu leen yóbbu ci kanamu njiiti
réew yi ak ci kanamu buur yi ndax man, ngir ngeen nekk samay
seede ci seen kanam ak ci kanamu ñi dul Yawut. 19 Waaye su ñu leen
jébbalee, buleen jaaxle ci anam bi ngeen wara waxe walla ci li
ngeen wara wax, ndaxte ci waxtu boobu sax dinañu leen jox li
ngeen wara wax. 20 Ndaxte du yeen yeenay wax waaye seen Xelu
Baay mooy wax jaarale ko ci seen gémmiñ. 21 Mag dina jébbale
rakkam ci dee, te Baay jébbale doomam. Ay doom tamit dinañu
fippu ci seeni waajur te reylu leen. 22 Ñépp dinañu leen bañ ndax
man waaye ku dëgër-dëgërlu ba ci njeextel ga dinga mucc. 23 Buñu
leen fitnaale ci benn dëkk, dawleen dem ci beneen bi. Ci dëgg maa
ngi leen koy wax, dungeen wër dekki Israyil yépp te Doomu nit ki
ñëwul.
24 «Taalibe bi gënul màgg jàngalekatam te jaam bi gënul màgg
njaatigeem. 25 Taalibe bu demee ba mel ni jàngalekatam, na ci
doylu; te jaam bu demee ba mel ni njaatigeem, na ci doylu. Su ñu
woowee boroom kër gi Beelsebul, waxatuma laak waa kër gi! 26 Kon
nag buleen ragal nit ñooñu, ndaxte lépp lu nëbbu dina feeñ te lépp
lu umpe dinañu ko xamle. 27 Lu ma leen wax ci kumpa, waxleen ko
ci bëccëg ndarakàmm. Lu ñu leen déey, yuuxuleen ko ci kaw kër yi.
28 Buleen ragal ñi mëna rey yaram te mënuñoo rey ruu, waaye
ragalleen ki nga xam ne mën na sànk yaram ak ruu ci safara.
29 Ndax ñaari picci ramatu duñu ko jaaye benn dërëm? Moona benn
ci ñoom du daanu ci suuf bu soobul Yàlla seen Baay. 30 Te yeen,
seeni kawaru bopp yépp sax, wañ ñañu leen. 31 Kon nag buleen
ragal dara ndaxte yeena ëpp solo mbooloo picci ramatu.

32 «Kon nag ku ma nangu ci kanamu nit ñi, man itam dinaa ko
nangu ci kanamu sama Baay bi ci asamaan, 33 waaye ku ma weddi ci
kanamu nit ñi, man itam dinaa ko weddi ci kanamu sama Baay bi ci
asamaan. 34 Buleen foog ne damaa ñëw ngir andi jàmm ci àddina si.
Ñëwuma ngir andi jàmm waaye jaasi, 35 ndaxte damaa ñëw ngir indi
xaajaloo diggante *doom bu góor ak baayam, doom bu jigéen ak yaayam,*
*jabaru doom ak goroom,* 36 *te nit, waa këram ñooy doon ay noonam.*
37 «Ku bëgg pàppaam walla yaayam lu ëpp li mu ma bëgg,
yelloowoo ma. Ku bëgg doomam bu góor walla doomam bu jigéen
lu ëpp li mu ma bëgg, yelloowoo ma. 38 Te ku jëlul sa bant bi ñu la
wara daaje te toppu ma yelloowoo ma. 39 Ku bëgga musal sa bakkan
dinga ko ñàkk, te ku ñàkk sa bakkan ndax man dinga ko jotaat.
40 «Ku leen dalal man la dalal, te ku ma dalal, dalal na ki ma yónni.
41 Ku dalal ab yonent ndax ni mu nekke yonent dina jot neexalu
yonent. Ku dalal ab nit bu jub ndax njubteem dina jot neexalu ku
jub. 42 Te ku jox ab kaasu ndox mu sedd rekk kenn ci ñi gëna ndaw
ci samay taalibe ndax li mu doon sama taalibe, ci dëgg maa ngi leen
koy wax, du ñàkk neexalam mukk.»

# 11

## Yeesu mu ngi wax ci lu jëm ci Yaxya

1 Bi Yeesu noppee di jox ndigal yooyu fukki taalibeem yi ak ñaar,
mu jóge foofu ngir dem jàngale ak waare ci dëkk yi nekk ci diiwaan
bi. 2 Bi Yaxya nekkee ci kaso bi, mu déggoon ñuy wax ci jëf yi
Almasi bi def. Noonu mu yónnee ko ñenn ci taalibeem yi ngir ñu
laaj ko: 3 «Ndax yaw yaay Almasi bi waroona ñëw walla danoo wara
xaar keneen?» 4 Yeesu tontu leen ne: «Demleen nettali Yaxya li
ngeen dégg ak li ngeen gis: 5 gumba yi ñu ngi gis, lafañ yi ñu ngi
dox, gaana yi wér nañu, tëx yi ñu ngi dégg, ñi dee woon ñu ngi

dekki, te ñu ngi yégal xibaar bu baax bi néew-di-doole yi. 6 Barkeel
na ki dul ñàkk ngëm ndax man.»

7 Bi taalibe Yaxya yi di dem, Yeesu di wax ak mbooloo mi ne: «Bi
ngeen demee ci Yaxya ci màndiŋ bi, lan ngeen bëggoona gis? Benn
xeetu ñax bu ngelaw li di yëngal ci wet bu nekk? 8 Waaye lan ngeen
demoon gis: benn nit bu sol ay yére yu rafet? Xoolleen! Ñiy sol yére
yu rafet dañuy dëkk ci biir kër buur yi. 9 Waaye lan ngeen demoon
gis: ab yonent? Waaw, maa ngi leen koy wax, ku ëpp yonent sax!
10 Ndaxte ci Yaxya la Mbind mi wax ne:

*"Xoolal! Maa ngi yónni sama yonent ci sa kanam*
*ngir mu waajal sa yoon ci sa kanam."*

11 Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ci ñi juddoo ci jigéen ku gëna màgg
Yaxya mësula am. Waaye ki gëna ndaw ci nguuru asamaan si moo
ko gëna màgg. 12 Dale ko ci jamono ji Yaxya doon waare ba léegi,
nguuru asamaan si day daj coono, te ñiy jëfe ak doole di wut nu ñu
ko aakimoo. 13 Ndaxte yonent yépp ak yoonu Musaa wax nañu ci
turu Yàlla ba ci jamono Yaxya. 14 Te su ngeen ko bëggee nangu,
moom mooy yonent Yàlla Ilyaas mi waroona ñëw. 15 Na ki am nopp,
dégg!

16 «Kan laa wara méngalee niti jamono jii? Ñu ngi nirook ay xale
yu toog ci péncu dëkk bi te ñenn ñi di yuuxu ñeneen ñi, di ne:

17 "Woyal nanu leen woyi bànneex te fecculeen;
woyal nanu leen woyi dëj te naqarluwuleen."

18 Ndaxte Yaxya ñëw na, lekkul, naanul te ñuy wax ne: "Kii dafa am
rab." 19 Doomu nit ki ñëw na, di lekk te di naan te ñu ne: "Xoolleen,
waa ji xalaatul lu dul lekk ak naan, di xaritu juutikat yi ak
bàkkaarkat yi." Waaye ki am xel mu rafet, ay jëfam ñoo koy
dëggal.»

## Yeesu mu ngi gëdd ay dëkk yu tuubul seeni bàkkaar

[20] Noonu Yeesu tàmbale gëdd ak doole dëkk yi mu defoon li ëpp ci
ay kéemaanam, ndaxte waa dëkk yooyu tuubuñu woon seeni
bàkkaar. [21] Mu ne: «Musiba dina leen dal, yeen waa Korasin! Musiba
dina leen dal, yeen waa Betsayda, ndax kéemaan yi ma def ci yeen.
Su ma ko defoon ci dëkku Tir walla ci dëkku Sidon, kon bu yàgg
doon nañu sol ay saaku di xëpp seen bopp dóomu taal ngir wone ne
dañoo tuub seeni bàkkaar. [22] Looloo tax maa ngi leen koy wax: ci
bésu àtte ba, Tir ak Sidon dinañu leen tane. [23] Te yeen waa
Kapernawum, ndax xalaat ngeen ne dinañu leen yékkëti ba ci kaw
asamaan? Déedéet, dinañu leen wàcce ba fi ñu dee ñi nekk, ndax
kéemaan yi ma def ci yeen. Su ma ko defoon ci dëkku Sodom, doon
na fi nekk ba tey. [24] Waaye maa ngi leen koy wax: ci bésu àtte ba,
réewu Sodom dina leen tane.»

## Yeesu mu ngi dig noflaay nit ñi sonn

[25] Ci jamono jooju, Yeesu jël kàddu gi te ne: «Baay, yaw miy
Boroomu asamaan ak suuf, sant naa la, ndaxte yaw yaa nëbb yëf yii
boroom xam-xam yi ak boroom xel yi te xamal leen gone yi.
[26] Waaw, Baay, def nga loolu ndaxte loolu moo la neex. [27] Sama Baay
jox na ma lépp, te kenn xamul doom bi ku dul Baay bi, te kenn
xamul Baay bi ku dul Doom bi ak ki ko doom bi bëgga xamal.
[28] Ñëwleen ci man, yeen ñépp ñi sonn te seen yen diis, te dinaa leen
may noflaay. [29] Nanguleen sama kilifteef te jàng ci man, ndaxte
sama xol dafa lewet te woyof, te dingeen am noflaay ci seen ruu.
[30] Ndaxte sama kilifteef yomb na, te sama yen diisul.»

# 12

## Yeesu mooy Boroomu bésu noflaay bi

1 Ci jamono jooju, Yeesu di jàll ci tool yi ci benn bésu noflaay.
Taalibeem yi xiifoon; ñuy witt ci pepp yi tey lekk. 2 Bi Farisen yi
gisee loolu, ñu wax Yeesu ne: «Xoolal! Sa taalibe yi ñu ngi liggéey,
te yoonu Musaa dafay tere liggéey ci bésu noflaay bi.» 3 Waaye mu
wax leen ne: «Xanaa jànguleen li Daawuda defoon bi mu xiifee
moom ak ñi mu àndaloon? 4 Mu dugg ci biir kër-Yàlla gi te lekk
mburu yi ñu jébbal Yàlla. Moona yoon bi mayul kenn mu di ci lekk,
muy moom walla ñi mu àndaloon, waaye jébbalkatu-sarax yi rekk.
5 Walla jànguleen ci yoonu Musaa ne bésu noflaay bi,
jébbalkatu-sarax yiy liggéey ci kër-Yàlla gi, duñu déggal yoon bi ci
lu jëm ci bésu noflaay bi moona moyuñu yoon bi? 6 Maa ngi leen
koy wax: fii am na ku sut kër-Yàlla gi. 7 Mbind mi nee na: "*Ngeen am
yërmande ci seen moroom, moo gën ngeen may rendil ay mala ni sarax.*"
Te yeen, su ngeen xamoon li kàddu yooyu di tekki, doonuleen teg
daan ñi deful dara. 8 Ndaxte Doomu nit ki mooy boroomu bésu
noflaay bi.»

9 Mu jóge foofu te dem ci seen kër-ñaan bi. 10 Foofu amoon na benn
waay bu loxoom làggi. Farisen yi bëggoona tuumaal Yeesu, moo tax
ñu laaj ko ne: «Ndax sunu yoon bi maye na ñu wéral nit ci bésu
noflaay bi?» 11 Yeesu tontu leen ne: «Su fekkee ne am na ci seen biir
kenn ku am benn xar rekk, te mu daanu ci kàmb ci bésu noflaay bi,
ndax du ko fa génne? 12 Nit moo ëpp solo fuuf xar! Kon nag, sunu
yoon bi maye na ñu def lu baax ci bésu noflaay bi.» 13 Noonu Yeesu
wax waa ji ne: «Tàllalal sa loxo.» Mu tàllal loxoom, te loxo ba wér
mel ni ba ca des. 14 Farisen yi génn ci kër-ñaan bi daldi waxtaan ci
ni ñuy fexe reylu Yeesu.

[15] Bi Yeesu yégee loolu, mu jóge fa, te mbooloo mu bari topp ko.
Mu wéral ñépp ñi feebar, [16] te mu dénk leen ñu bañ ko siiwal.
[17] Loolu am na ngir kàddu yii yonent Yàlla Esayi waxoon mat:
[18] *«Xoolal! Sama surga bi ma tànn,*
*moom laa sopp te ci moom laa ame bànneex.*
*Dinaa def sama xel ci moom*
*te moom dina yégle sama jëfi njubte ci xeet yi.*
[19] *Du xuloo ak kenn te du yuuxu,*
*te kenn du dégg baatam ci mbedd yi.*
[20] *Du damm bant bu dëng*
*te du fay taal buy saxar,*
*ba keroog muy jox njubte ndam,*
[21] *te xeeti àddina si yépp dinañu yaakaar ci turam.»*

## Yeesu mu ngi jàngale ci lu jëm ci rab yi te ay nit laaj ko benn kéemaan

[22] Ñu andil Yeesu benn waay bu rab jàpp ba tax mu gumba te
muuma. Yeesu wéral ko, ba tax ku muuma ki di wax tey gis.
[23] Noonu, mbooloo mi yépp yéemu, naan: «Kii, mbaa du sëtu
Daawuda bi?» [24] Bi Farisen yi déggee loolu nag ñu ne: «Nit kii, ci
kàttanu Beelsebul mi di buuru rab yi rekk lay dàqe rab yi.» [25] Waaye
Yeesu xam seeni xalaat, ne leen: «Bépp nguur bu xaajaloo ci biiram
dina tas, te dëkk walla kër bu xaajaloo ci biiram du mëna yàgg. [26] Bu
Seytaane di dàq Seytaane, mu ngi xeex boppam. Kon nag, naka la
nguuram mëna yàgge? [27] Te man, su fekkee ci kàttanu Beelsebul
laay dàqe rab yi, kon seeni taalibe ci ban kàttan lañuy dàqe rab yi?
Moo tax ñoom ci seen bopp ñoo leen di àtte. [28] Waaye su fekkee ci
Xelum Yàlla laay dàqe rab yi, kon nguuru Yàlla gi yegsi na ci yeen.
[29] «Naka la kenn mëne dugg ci kër nit bu am doole di jël alalam?
Du ko mëna def feek takkul nit kooku ba noppi. Noonu dina jël li

mu dencoon ci këram. [30] Ku farul ci man, yaa ngi may xeex. Ku
dajalewul ak man, yaa ngi tasaare.
[31] «Loolu moo tax maa ngi leen koy wax: dinañu baal nit ñi bépp
bàkkaar ak bépp wax bu ñaaw bu ñu wax. Waaye ku wax lu ñaaw ci
Xel mu Sell mi duñu ko baal. [32] Ku waxal Doomu nit ki lu bon,
dinañu ko baal. Waaye ku waxal Xel mu Sell mi lu bon duñu ko baal
ci àddina si ak ci àllaaxira.
[33] «Bu garab gi baaxee, meññeefam dañuy baax. Bu garab gi bonee,
meññeefam dañuy bon. Ndaxte garab bu nekk ñu ngi koy xàmme ci
meññeefam. [34] Yeen ñi fees ak daŋar mel ni jaan! Naka ngeen mëna
waxe ay mbir yu baax ak ni ngeen bone? Ndaxte lu fees ci xol,
gémmiñ wax ko. [35] Nit bu baax mu ngi jële ay mbir yu baax ci lu
baax li mu denc ci xolam. Nit bu bon mu ngi jële ay mbir yu bon ci
lu bon li mu denc ci xolam. [36] Maa ngi leen koy wax, ci bésu àtte ba,
nit ñi dinañu layoo bépp kàddu bu amul solo bu ñu waxoon.
[37] Ndaxte ci say kàddu la la Yàlla di àtte ni ku jub te ci say kàddu la
la Yàlla di tege daan.»
[38] Noonu ay jàngalekatu yoonu Musaa ak ay Farisen wax Yeesu ne:
«Jàngalekat bi, danoo bëggoon nga won nu benn kéemaan buy
firndeel sa sañ-sañ.» [39] Yeesu tontu leen ne: «Niti jamono jii dañoo
bon tey moy Yàlla. Ñu ngi laaj benn kéemaan waaye duñu leen jox
benn bu dul màndarga Yunus bi. [40] Ndaxte ni Yunus defe woon ñetti
bëccëg ak ñetti guddi ci biiru jën bu mag bi, noonu tamit Doomu nit
ki dina nekk ñetti bëccëg ak ñetti guddi ci biir suuf si. [41] Ci bésu àtte
ba, waa Niniw dinañu jóg ngir tuumaal niti jamono jii, ndaxte bi ñu
déggee waare Yunus ba, tuub nañu seeni bàkkaar. Te xoolleen! Ku
sut Yunus mu ngi fii. [42] Ci bésu àtte ba, buur bu jigéen ba dëkkoon
ca sudd dina jóg ngir tuumaal niti jamono jii, ndaxte jóge woon na
fu sori ngir déglu waxu Suleymaan yu rafet yi. Te xoolleen! Ku sut

Suleymaan mu ngi fii.
43 «Bu rab génnee ci nit day wër ci màndiŋ bi ngir wut fu muy
noppaloo. Bu ko amul, 44 dina wax ne: "Xaaral, ma dellu ci sama kër
bi ma jóge woon." Bu yegsee, fekku fa kenn, te mu gis ne bale nañu
kër gi te defar ko ba mu jekk. 45 Mu daldi dem woowi juróom ñaari
rab yu ko gëna soxor, ñu dugg ci kër ga te dëkk fa. Noonu
melokaanu nit kooku mooy gëna yées na mu meloon bu jëkk. Lu
mel noonu mooy dal nit ñu bon ñi ci jamono jii.»

### Yeesu mu ngi wax ci nit ñi bokk ci njabootam

46 Bi Yeesu nekkee di wax ak mbooloo ma, yaayam ak rakkam yi
ñëwoon nañu, taxaw ci biti, tey wut nu ñu waxe ak moom. 47 Kenn
ne ko: «Xoolal! Sa yaay ak say rakk ñu ngi ci biti tey wut nu ñu
waxe ak yaw.» 48 Waaye mu tontu ki doon wax ak moom, ne ko:
«Kan mooy sama yaay ak ñan ñooy samay rakk?» 49 Noonu mu tàllal
loxoom ci taalibeem yi te ne: «Xoolleen! Ñii ñooy sama yaay ak
samay rakk, 50 ndaxte kiy def sama coobare Baay bi ci asamaan,
kooku mooy sama rakk bu góor, sama rakk bu jigéen, walla sama
yaay.»

## 13

### Yeesu mu ngi nettali léebu jikat bi

1 Ci bés boobu Yeesu génn ci kër gi te dem toog ci wetu dexu Galile
ngir jàngale. 2 Mbooloo mu takku dajaloo, wër ko, ba tax mu yéeg ci
benn gaal te toog ci. Mbooloo ma nekk ci tefes bi. 3 Mu wax leen
mbir yu bari jaarale ko ci ay léeb. Mu ne leen: «Xoolleen! Dafa
amoon benn jikat bu génn ngir ji. 4 Bi muy ji, am pepp yu daanu ci
yoon bi. Picc yi ñëw, lekk leen. 5 Yenn pepp yi daanu ci diggante
xeer yi fu amul woon suuf su bari. Ñu jóg ci saa si ndaxte suuf si

xootul woon, [6] waaye bi jant bi fenkee, ñu lakk te daldi wow, ndaxte
amuñu ay reen. [7] Yeneen pepp yi daanu ci diggante ay xaaxaam.
Xaaxaam yi daldi jóg te tanc leen. [8] Pepp yi ci des daanu ci suuf su
baax si, te yenn yi meññ téeméeri pepp, yeneen yi juróom benn
fukk, yi ci des fanweer. [9] Na ki am nopp dégg.»

[10] Noonu taalibe yi jegesi ko, laaj ko ne: «Lu tax nga leen di wax ci
ay léeb?» [11] Mu tontu leen ne: «Yeen, Yàlla may na leen ngeen xam
li nëbbu ci nguuru asamaan si; waaye ñoom, mayuñu leen loolu.
[12] Ndaxte ku am, dinañu ko yokkal ba mu am lu ne gàññ. Waaye ku
amul, dinañu jël sax li mu am. [13] Loolu moo tax ma leen di wax ci ay
léeb, ndaxte dañuy xool te duñu gis; dañuy déglu te duñu dégg
walla ñuy ràññee. [14] Ci ñoom la kàddu yonent Yàlla Esayi matee, bi
muy wax ne:

*"Dingeen déglu ba sonn te dungeen dégg dara.*
*Dingeen xool bu baax te dungeen gis dara.*
[15] *Ndaxte xolu askan bii daa dëgër.*
*Fatt nañu seen nopp yi,*
*tëj nañu seen bët yi,*
*ngir seen bët yi baña gis*
*te seen nopp yi baña dégg,*
*ngir ñu baña xam*
*te ñu baña woññeeku ci man, Yàlla,*
*ngir ma wéral leen."*

[16] «Waaye yeen, barkeel ngeen ndaxte seen bët yi, ñu ngi gis, te
seen nopp yi di dégg. [17] Ci dëgg maa ngi leen koy wax: yonent yu
bari ak ñu jub ñu bari bëggoon nañu lool gis li ngeen di gis waaye
gisuñu ko; te dégg li ngeen di dégg waaye dégguñu ko.

[18] «Yeen nag, dégluleen li léebu jikat bi di tekki. [19] Bu nit déggee
kàddu gi ci nguuru asamaan si te ràññeewu ko, Seytaane day ñëw,

këf kàddu gi ñu ji woon ci xolam. Noonu la mel ci ki jot jiwu bi ci
yoon bi. [20] Te ki jot jiwu bi ci béréb yi bari xeer, bu déggee kàddu gi,
ci saa si mu nangu ko ak mbégte, [21] waaye kàddu gi saxul ci moom.
Da koy jàpp ci diir bu gàtt, waaye bu jafe-jafe àddina si ñëwee walla
ñu fitnaal ko ndax kàddu gi, ci saa si mu bàyyi ngëm gi. [22] Ki jot jiwu
bi ci xaaxaam yi mooy ki déglu kàddu gi waaye dafay jaaxle ci yëfi
àddina sii, dafay wut alal yuy naxaate, te dafay bari bëgg-bëgg.
Loolu lépp mooy tanc kàddu gi ba tax du am meññeef. [23] Ki jot jiwu
bi ci suuf su baax si mooy kiy déglu kàddu gi te ràññee ko. Dafay
am meññeef. Noonu benn bi jur téeméer, beneen bi juróom benn
fukk, bi ci des fanweer.»

Yeesu mu ngi nettali yeneen léeb ci lu jëm ci nguuru asamaan si

[24] Yeesu nettali leen beneen léeb, ne leen: «Lii la nguuru asamaan
si di nirool: benn waay dafa ji woon jiwu bu baax ci toolam. [25] Bi nit
ñi di nelaw noonam ñëw, ji ñax bu bon ci biir jiwu bu baax bi, daldi
dem. [26] Bi jiwu bi saxee, tóor-tóor bi tàmbali génn, ñax bu bon bi
tamit daldi feeñ. [27] Surga yi ñëw, wax boroom tool bi ne: "Njaatige
bi, ndax du jiwu bu baax nga ji woon ci sa tool bi? Fan la ñax bu bon
bi jóge nag?" [28] Mu tontu leen ne: "Ab noon moo def loolu." Noonu
surga yi ne ko: "Ndax danga bëgg nu dem dindi ko?" [29] Waaye mu
tontu leen ne: "Déedéet, ndaxte bu ngeen di dindi ñax bu bon bi,
mën ngeen dindiwaale tamit jiwu bu baax bi. [30] Bàyyileen ñaar yi ñu
jógandoo ba ci ngóob bi. Ci waxtu ngóob bi, dinaa wax góobkat yi
ñu jëkka dindi ñax bu bon bi te ñu takk ko ay say ngir lakk ko, te ñu
def jiwu bu baax bi ci sama sàq bi."»

[31] Yeesu nettaliwaat leen beneen léeb, ne leen: «Nguuru asamaan
si dafay mel ni doomu fuddën bu benn waay jël, ji ko ci toolam.
[32] Moom mooy pepp bi gëna tuuti ci pepp yi, waaye bu saxee, moom
mooy gëna réy ci gàncax yi, ba tax picci asamaan si ñëw, ràbb seen

tàgg yi ci bànqaasam yi.»
[33] Mu nettaliwaat leen beneen léeb, ne leen: «Nguuru asamaan si
dafay mel ni lawiir bu benn jigéen jël, jaxase ko ci ñaar fukki kilo
fariñ ak juróom, ba lépp funki.»
[34] Loolu lépp Yeesu da ko doon wax mbooloo mi ci léeb te daawul
wax ak ñoom bu dul ci léeb, [35] ngir kàddu gii yonent bi waxoon mat:
*«Dinaa wax ci ay léeb,*
*di yégle mbir yi nëbbu*
*dale ko bi àddina sosoo ba léegi.»*
[36] Gannaaw loolu, Yeesu bàyyi mbooloo mi te dugg ci kër gi.
Taalibeem yi jegesi ko te ne ko: «Wax nu li léebu ñax bu bon bi ci
tool bi di tekki.» [37] Mu tontu leen ne: «Nit ki ji jiwu bu baax bi mooy
Doomu nit ki. [38-39] Tool bi mooy àddina si. Jiwu bu baax bi mooy ñi
bokk ci nguuru asamaan si. Noon bi ji ñax bu bon bi mooy
Seytaane. Ñax bu bon bi, mooy ñi bokk ci moom. Ngóob bi mooy
njeextelu àddina si te góobkat yi ñooy malaaka yi. [40] Ni ñuy takke
ñax bu bon bi ngir sànni ko ci xal bi, noonu lay mel ci njeextelu
àddina si. [41] Doomu nit ki dina yónni malaakaam yi, ñu dindi ci
nguuram ñépp ñiy xiir ñeneen ñi ci bàkkaar ak ñiy def lu bon, [42] te
ñu sànni leen ci safara si, fi am ay jooy ak ay yéy bëñ. [43] Noonu ñu
jub ñi dinañu leer ni jant bi ci seen biir nguuru Baay. Na ki am nopp
dégg.»
[44] Yeesu yokk ca ne: «Nguuru asamaan si dafay mel ni alal bu
nëbbu ci tool. Benn waay gis ko, nëbbaat ko, te ci biir mbégteem
mu dem jaay lépp li mu am te jënd tool boobu.
[45] «Nguuru asamaan si dafay mel ni tamit benn jaaykat buy wut ay
per yu rafet. [46] Bi mu gisee per bu njég bi bari, mu dem, jaay lépp li
mu am, te jënd per boobu.
[47] «Lii la nguuru asamaan si di nirool tamit: benn mbaal bu ñu

sànni ci géej bi te mu jàpp xeetu jën bu nekk. [48] Bi mbaal mi feesee,
ñu xëcc ko ba ci tefes bi, te ñu toog. Ñu def li baax ci ay pañe te ñu
sànni li bon. [49] Noonu lay mel ci njeextelu àddina si: malaaka yi
dinañu ñëw, génne ñu bon ñi ci biir ñu jub ñi, [50] te sànni leen ci
safara si, fi am ay jooy ak ay yéy bën.»
[51] Yeesu laaj leen ne: «Ndax xam ngeen li mbir yii yépp di tekki?»
Ñu tontu ko ne: «Waaw.» [52] Mu ne leen: «Loolu moo tax bépp
jàngalekatu-yoonu-Musaa bu jàng bu baax ci lu jëm ci nguuru
asamaan si dafay mel ni boroom kër buy jële ci alalam ay mbir yu
bees ak ay mbir yu yàgg.»

### Waa Nasaret nanguwuñu Yeesu

[53] Bi Yeesu nettalee léeb yooyu ba noppi, mu jóge fa [54] te dem ci
dëkk bi mu yaroo te tàmbalee jàngale ci seen kër-ñaan bi. Nit ñi
waaru, di laajante naan: «Fan la jële xel mu rafet mii ak kéemaan
yii? [55] Ndax du doomu minise bi, te yaayam tudd Maryaama? Ndax
Saak, Yuusufa, Simoŋ ak Yudd, duñu ay rakkam? [56] Rakkam yu
jigéen yi, ndax nekkuñu fii ak nun? Fan la jële li lépp nag?» [57] Loolu
tax ñu ñàkk ngëm. Noonu Yeesu ne leen: «Ab yonent duñu ko xeeb
fu dul ci dëkkam ak ci këram.» [58] Te Yeesu defu fa ay kéemaan yu
bari, ndax seen ñàkka gëm.

## 14

### Deewu Yaxya

[1] Ci jamono jooju, Erodd mi yilifoon diiwaanu Galile dégg ñuy wax
ci Yeesu. [2] Mu ne ay surgaam: «Kooku Yaxya la, dafa dekki ci ñu dee
ñi. Loolu moo tax mu am kàttanu def ay kéemaan.» [3-4] Deewu Yaxya
nii la deme woon: Erodd takkoon na Erojàdd, jabaru magam Filib.
Yaxya doon na wax Erodd ne: «Yoon bi dafay tere nga takk jigéen

boobu.» Noonu Erodd joxe ndigal ñu jàpp Yaxya te yeew ko te tëj
ko ci kaso bi. [5] Erodd bëggoon na ko reylu, waaye ragaloon na
mbooloo mi ndaxte ñoom jàppoon nañu ne Yaxya yonent la woon.
[6] Moona bés bi Erodd di màggal bésu juddoom doom bu jigéen bu
Erojàdd doon fecc ci kanamu gan yi. Mu neex Erodd lool. [7] Mu dig
ko ak waat ngir jox ko li mu koy ñaan. [8] Gannaaw bi ko yaayam
digalee, mu ne: «Jox ma fii boppu Yaxya ci ndab.» [9] Buur bi daldi
ànd ak tiis waaye mu santaane ñu jox ko ko ndax waatam bi ak
ganam yi. [10] Mu yónnee, ñu dagg boppu Yaxya ca kaso ba. [11] Ñu indi
bopp bi ci ndab te ñu jox ko xale bu jigéen bi. Mu yóbbul ko
yaayam. [12] Taalibe Yaxya yi ñëw, jël néewam te suul ko. Noonu ñu
dem yégal Yeesu li xewoon.

### Yeesu mu ngi dundal nit ñu bari te dox ci kaw dex gi

[13] Bi Yeesu déggee xibaar boobu, mu jóge foofu, yéeg ci gaal, dem
ci béréb bu wéet, ngir nekk fa moom kese. Waaye mbooloo mi yég
ko. Ñuy génn ci dëkk yi, topp Yeesu ak seeni tànk. [14] Bi Yeesu
wàccee ci gaal gi, mu gis mbooloo mu takku, mu yërëm leen, te
wéral ñi feebar ci seen biir. [15] Bi jant bi di waaja sow taalibeem yi
jegesi ko te ne ko: «Mu ngi waaja guddi te béréb bi nu nekk màndiŋ
la. Yewwil mbooloo mi ngir ñu dem ci gox yi, jënd lu ñuy lekk.»
[16] Waaye Yeesu tontu leen ne: «Jarul ñuy dem. Yeen ci seen bopp
joxleen ñoom lu ñuy lekk.» [17] Ñu tontu ko ne: «Amunu fii lu dul
juróomi mburu ak ñaari jën.» [18] Yeesu ne leen: «Andilleen ma ko
fii.» [19] Noonu mu jox ndigal mbooloo mi ngir ñu toog ci ñax mi. Mu
jël juróomi mburu yi ak ñaari jën yi, yékkëti bëtam yi ci asamaan,
barkeel leen, damm mburu mi, jox leen taalibe yi te taalibe yi
séddale leen. [20] Ñépp lekkoon nañu ba regg, ba ñu for ci fukki pañe
ak ñaar yu fees ci daggit yi desoon. [21] Ñi lekkoon tollu nañu ci
juróomi junniy góor te boolewuñu ci lim bi jigéen ñi ak xale yi.

[22] Ci saa si Yeesu duggloo taalibeem yi ci gaal gi ngir ñu jiitu ko ci
beneen wetu dex bi, te moom mu yewwi mbooloo mi. [23] Gannaaw bi
mu leen yewwee, mu yéeg ci tund wi, beru ngir ñaan. Bi guddi
jotee, mu nekk fa moom rekk. [24] Ci waxtu boobu, gaal gi sori woon
na lool tefes bi, te ndox mi di ko yëngal, ndaxte ngelaw bi da leen
doon songe kanam. [25] Bi fajar di waaja jot, Yeesu jëm ci ñoom di dox
ci kaw dex gi. [26] Bi ko taalibe yi gisee muy dox ci dex gi, ñu daldi
jaxasoo tey naan: «Ab njuuma la!» Ñu daldi tiit bay yuuxu. [27] Ci saa
si Yeesu ne leen: «Takkleen seen fit. Man la! Buleen tiit.» [28] Piyeer
tontu ko ne: «Boroom bi su fekkee ci dëgg yaw la, digal ma, ma dox
ci ndox mi, ñëw ci yaw.» [29] Yeesu ne ko: «Ñëwal.» Piyeer génn ci
gaal gi te tàmbale dox ci ndox mi ngir dem ci Yeesu. [30] Waaye bi mu
gisee ni ngelaw li ame doole, mu daldi tiit. Mu tàmbale suux ci
ndox mi. Mu yuuxu ne: «Boroom bi, musal ma!» [31] Ci saa si Yeesu
tàllal loxoom, jàpp ko, te ne ko: «Yaw yaa tuuti ngëm! Lu tax nga
am xel ñaar?» [32] Noonu ñu yéeg ñoom ñaar ci gaal gi te ngelaw li
dal. [33] Ñi nekkoon ci gaal gi nag daldi sukk ci kanamu Yeesu te ne
ko: «Ci dëgg yaw yaay Doomu Yàlla ji.»

[34] Gannaaw bi ñu jàllee dex gi, ñu yegsi ci diiwaanu Senesaret. [35] Bi
waa dëkk ba xàmmee Yeesu, ñu siiwal ñëwam ci béréb yi leen wër
yépp, te ñu andil ko ñépp ñi feebar. [36] Ñu ñaan ko mu may leen ñu
laal catu yéreem, te ñépp ñi ko doon laal wéroon nañu.

# 15

## Yeesu mu ngi wax ci liy andil nit sobe

[1] Noonu ay Farisen ak ay jàngalekatu-yoonu-Musaa jóge
Yerusalem. Ñu jegesi Yeesu te ne ko: [2] «Lu tax sa taalibe yi dunu
déggal sunuy aaday maam? Ndaxte duñu raxas seeni loxo laata ñuy
lekk.» [3] Mu tontu leen ne: «Yeen nag, lu tax dungeen déggal ndigalu

Yàlla ndax seen aada? [4] Ndaxte Yàlla nee na: "*Teralal sa baay ak sa
yaay*" te "*Ku saaga baayam walla yaayam, nañu ko rey.*" [5] Waaye yeen,
dangeen di wax ne: "Ki wax baayam walla yaayam ne: 'Sama alal bi
ma la wara jàppale, jébbal naa ko Yàlla,' [6] nit kooku wàccoo na ak
warugaru teral baayam ak yaayam." Noonu dangeen di neenal
kàddu Yàlla gi ngir topp seen aada. [7] Naaféq yi! Esayi waxoon na
dëgg bu wóor bi mu doon wax ci turu Yàlla ci lu jëm ci yeen, bi mu
ne:

[8] *"Askan bii dafa may màggal ak seen gémmiñ*
*waaye seen xol sori na ma.*
[9] *Ci neen lañu may jaamu*
*ndaxte ay ndigalu nit lañuy jàngale*
*jàppe ko samay ndigal."*»

[10] Gannaaw loolu Yeesu woo mbooloo mi te ne leen: «Dégluleen te
ngeen ràññee. [11] Du liy dugg ci gémmiñ mooy andil nit sobe. Waaye
liy génn ci gémmiñu nit moo koy andil sobe.»

[12] Noonu taalibe yi jegesi te ne ko: «Ndax xam nga ne Farisen yi
dañoo mer ci kàddu gi ñu dégg?» [13] Mu tontu leen ne: «Bépp garab
bu sama Baay bi ci asamaan jiwul, dinañu ko buddi. [14] Nangeen leen
bàyyi. Ay gumba yuy wommat ay gumba lañu. Bu gumba di
wommat moroomu gumbaam, ñoom ñaar ñépp dinañu daanu ci
kàmb.» [15] Piyeer jël kàddu gi te ne ko: «Wax nu li léeb boobu di
tekki.» [16] Mu ne leen: «Ndax yeen tamit ràññeewuleen ba léegi?
[17] Ndax xamuleen ne lépp liy dugg ci gémmiñ ci biir bi la jëm ba
noppi génn ci yaram? [18] Waaye liy génn ci gémmiñ ci xol la jóge te
loolu mooy andil nit sobe. [19] Ndaxte ci xol la xalaat yu bon yi di jóge
di la yóbbe rey nit, njaaloo, ay séy yu yoon tere, sàcc, seede yu
dëgguwul yi, ak saaga. [20] Loolu mooy andil nit sobe, waaye lekk te
raxasoo say loxo, du andil nit sobe.»

### Ngëmu jigéen ju nekkul Yawut

[21] Yeesu jóge foofu te dem ci diiwaan bi dëkki Tir ak Sidon nekk.
[22] Noonu, benn jigéen bu dëkkoon ci diiwaan boobu te cosaanoo
Kanaan ñëw di yuuxu naan: «Boroom bi, sëtu Daawuda, yërëm ma.
Sama doom bu jigéen, rab moo ko jàpp, sonal ko lool.» [23] Waaye
Yeesu tontuwu ko benn baat. Taalibeem yi ñëw te ne ko: «Yewwi
ko, ndaxte mu ngi nuy topp di yuuxu sunu kaw.» [24] Mu tontu ne:
«Yàlla dafa ma yónni ci askanu Israyil rekk, ñoom ñi mel ni xar yu
reer.» [25] Waaye jigéen ji ñëw, sukk ci kanamam te ne: «Boroom bi,
wallusi ma.» [26] Yeesu tontu ko: «Baaxul ñuy jël mburu xale yi di ko
sànnil xaj yi.» [27] Mu tontu ko ne: «Loolu dëgg la Boroom bi, waaye
xaj yi sax dañuy lekk ruusit yiy daanoo ci suufu bérébu lekkukaayu
seeni boroom.» [28] Noonu Yeesu ne ko: «Soxna si, sa ngëm réy na. Na
ame nag ni nga ko bëgge.» Te ci waxtu boobu sax, doomam bu
jigéen bi daldi wér.

### Yeesu mu ngi dundal lu ëpp ñeenti junniy nit

[29] Yeesu jóge foofu te dem ci tefesu dexu Galile. Mu yéeg ci benn
tund te toog. [30] Ay mbooloo yu bari ñëw ci wetam, andi ay lafañ, ay
gumba, ay làggi, ay muuma, ak ñeneen ñu bari ñu feebaroon. Ñu
teg leen ci tànki Yeesu, te mu wéral leen. [31] Mbooloo mi yéemu, di
màggal Yàllay Israyil ci li ñu gis: muuma yi di wax, làggi yi di wér,
lafañ yi di dox, ak gumba yi di gis.

[32] Yeesu woo taalibeem yi te ne leen: «Damaa yërëm mbooloo mi,
ndaxte ñetti fan a ngi ñu nekk ak man te amuñu dara lu ñu lekk.
Bëgguma leena yewwi ak xiif ndax ragal seen néew doole daaneel
leen ci yoon bi.» [33] Taalibeem yi ne ko: «Fan lañuy gise ci màndiŋ bii
mburu yu doy ngir dundal mbooloo mu tollu nii?» [34] Yeesu ne leen:
«Ñaata mburu ngeen am?» Ñu ne: «Juróom ñaar ak ay jën yu ndaw
yu bariwul.» [35] Noonu, mu jox ndigal mbooloo mi ñu toog ci suuf,

[36] te mu jël juróom ñaari mburu yi ak jën yi, sant Yàlla, damm leen,
te jox leen taalibe yi, te taalibe yi séddale leen mbooloo mi. [37] Ñépp
lekkoon nañu ba regg te ñu for ci juróom ñaari pañe yu fees ci
daggit yi desoon. [38] Ñi lekkoon tollu woon nañu ci ñeenti junniy
góor, te boolewuñu ci lim bi jigéen ñi ak xale yi. [39] Gannaaw bi mu
yewwee mbooloo mi, Yeesu yéeg ci gaal gi te dem ci diiwaanu
Magadan.

## 16

### Yeesu mu ngi artu taalibeem yi ñu moytu njàngale Farisen yi ak Sadusen yi

[1] Noonu Farisen yi ak Sadusen yi jegesi Yeesu di ko fexe fiir. Ñu
laaj ko kéemaan buy firndeel ne ci asamaan lay jële kàttanam. [2] Mu
tontu leen ne: «Ci ngoon si dangeen di wax ne: "Suba du taw,
ndaxte asamaan si dafa xonq." [3] Te ci suba dangeen di wax ne: "Tey
dina taw, ndaxte asamaan si dafa xiin ba xonq." Mën ngeena
ràññee liy xew ci asamaan si, waaye mënuleen ràññee màndarga yi
Yàlla di def ci jamono jii. [4] Niti jamono ji dañoo bon tey moy Yàlla.
Ñu ngi laaj benn kéemaan waaye duñu leen jox benn bu dul
màndarga yonent Yàlla Yunus.» Noonu Yeesu bàyyi leen fa te dem.
[5] Bi ñuy jàll ci beneen wetu dex gi, taalibe yi fàtte woon nañu
yóbbaale mburu. [6] Yeesu ne leen: «Xoolleen! Moytuleen lawiiru
Farisen yi ak bu Sadusen yi.» [7] Taalibe yi di werante ci seen biir ne:
«Li nu andaalewul mburu moo tax muy wax loolu.» [8] Yeesu xam
loolu te ne leen: «Lu tax ngeen di werante ci seen biir ci li ngeen
amul mburu? Yeen daal, yeena tuuti ngëm. [9] Ndax ràññeewuleen ba
léegi? Ndax fàttalikuwuleen juróomi mburu yi ma dammoon ngir
juróomi junniy góor ya ak ñaata pañe ngeen ci foroon? [10] Walla
juróom ñaari mburu yi ngir ñeenti junniy góor ya ak ñaata pañe

ngeen ci foroon? [11] Lu tax xamuleen ne du ci mburu laa leen di
wax? Moytuleen lawiiru Farisen yi ak bu Sadusen yi.» [12] Noonu
taalibe yi xam ne da leen doon wax ngir ñu moytu njàngale Farisen
yi ak Sadusen yi, waaye du lawiiru mburu yi.

### Yeesu mooy Almasi bi

[13] Yeesu yegsi ci diiwaanu Sesare bu Filib. Mu tàmbale laaj
taalibeem yi ne: «Lan la nit ñi di wax ci lu jëm ci Doomu nit ki?
Mooy kan?» [14] Ñu tontu ko ne: «Am na ñuy wax ne mooy Yaxya; ñii
ne mooy Ilyaas; ñeneen ñi ne mooy Yeremi, walla keneen ci yonent
yi.» [15] Mu laaj leen ne: «Waaye yeen nag, kan ngeen wax ne moom
laa?» [16] Simoŋ Piyeer tontu ko ne: «Yaw yaay Almasi bi, di doomu
Yàlla biy dund.» [17] Yeesu tontu ko ne: «Barkeel nga Simoŋ doomu
Yunus, ndaxte du nit moo la xamal loolu, waaye sama Baay bi ci
asamaan. [18] Te man, maa ngi la koy wax, yaw yaay Piyeer te ci kaw
doj bii laay samp sama mbooloo ñi gëm te dooley dee du ko mënal
dara. [19] Dinaa la jox caabi nguuru asamaan si. Li nga yeew ci àddina
si, dinañu ko yeew ci asamaan. Loo yewwi ci àddina si, dinañu ko
yewwi ci asamaan.» [20] Noonu mu dénk taalibeem yi ak doole ngir ñu
baña wax kenn ne moom mooy Almasi bi.

### Yeesu yégle na deewam

[21] Dale ko ci waxtu boobu, Yeesu tàmbale won taalibeem yi ne dafa
wara dem Yerusalem, te foofu, mag ñi, njiiti-jébbalkati-sarax yi ak
jàngalekati-yoonu-Musaa sonal ko lool, ñu rey ko, te mu dekki ci
ñetteelu fan ba. [22] Noonu Piyeer woo ko, wéetoo ak moom, te
tàmbale di ko yedd naan: «Yàlla tere, Boroom bi. Loolu du la dal
mukk!» [23] Yeesu walbatiku te ne ko: «Sori ma Seytaane, jàll ci sama
gannaaw. Gàllankoor nga ci man, ndaxte du yëfi Yàlla ngay xalaat
waaye yëfi nit.»

24 Noonu Yeesu ne taalibeem yi: «Ku ma bëgga topp na bàyyi
boppam, nangu daj lu metti, te doora topp ci man. 25 Ndaxte ku
bëgga musal sa bakkan dinga ko ñàkk, waaye ku ñàkk sa bakkan
ngir man, dinga ko jotaat. 26 Lu muy jériñ nit su fekkee day moom
àddina si yépp te ñàkk bakkanam? Amul dara lu nit mëna joxe ngir
jotaat dundam. 27 Ndaxte Doomu nit ki dina ñëw ak ay malaakaam
ci màggaayu Baayam, te noonu dina delloo ku nekk ay jëfam. 28 Ci
dëgg maa ngi leen koy wax, am na ñoo xam ne ñu ngi fii duñu dee
mukk te gisuñu Doomu nit ki ñëw ak nguuram.»

# 17

## Melokaanu Yeesu soppeeku na ci kaw tund bi

1 Juróom benni fan gannaaw loolu, Yeesu jël ak moom Piyeer,
Saak, ak Yowaana te yóbbu leen ci kaw tund bu kawe lool, beru ak
ñoom. 2 Noonu xar-kanamam soppeeku ci seen kanam: kanamam di
melax ni jant bi te ay yéreem weex ni leer bi. 3 Te noonu Musaa ak
Ilyaas feeñu leen, di waxtaan ak Yeesu. 4 Piyeer ne Yeesu: «Boroom
bi, baax na ngir nu des fii. Soo ko bëggee dinaa, fi defar ñetti
mbaar: benn ngir yaw, benn ngir Musaa, ak benn ngir Ilyaas.» 5 Bi
mu nekkee di wax noonu, benn niir bu leer muur leen, te noonu
baat jóge ci niir bi di wax ne: «Kii mooy sama doom ji ma sopp. Ci
moom laa ame bànneex. Dégluleen ko!» 6 Bi ko taalibe yi déggee, ñu
tiit lool te daanu seen kanam yi dëpp ci suuf si, 7 waaye Yeesu jegesi
leen, teg leen loxo, te ne: «Jógleen te buleen ragal.» 8 Bi ñu yékkëtee
seeni bët, gisatuñu woon kenn ku dul Yeesu rekk.

9 Bi ñuy wàcc tund bi, Yeesu jox leen ndigal ne leen: «Buleen wax
kenn li ngeen gis ba keroog Doomu nit ki di dekki ci biir ñu dee ñi.»
10 Taalibe yi laaj ko ne: «Lu tax jàngalekati-yoonu-Musaa di wax ne
Ilyaas fàww mu jëkka ñëw?» 11 Yeesu tontu leen ne: «Waaw, Ilyaas

war na jëkka ñëw, yeesalaat lépp. [12] Waaye maa ngi leen koy wax,
Ilyaas ñëw na ba noppi te xàmmewuñu ko, waaye def nañu ko lu
leen neex. Noonu tamit lañuy sonale Doomu nit ki.» [13] Noonu
taalibe yi xam ne ci Yaxya la leen doon wax.

### Yeesu mu ngi wéral benn xale bu góor bu rab jàppoon

[14] Bi Yeesu, Piyeer, Saak, ak Yowaana yegsee ci wetu mbooloo mi,
benn waay jegesi Yeesu, sukk ci kanamam, [15] tey naan: «Boroom bi,
yërëmal sama doom bu góor. Dafa am feebaru say, te mu sonal ko
lool. Dafay faral di daanu ci xal walla ci ndox. [16] Andil naa ko sa
taalibe yi, waaye mënuñu ko wéral.» [17] Yeesu daldi jël kàddu gi te
ne leen: «Yeen niti jamono jii, ñi amul ngëm te dëng. Man, ba kañ
laay nekk ak yeen te di leen muñal? Andilleen ma fii xale bi.»
[18] Yeesu gëdd rab bi te mu génn ci xale bi, te xale bi daldi wér ci saa
si.
[19] Noonu taalibe yi fekksi Yeesu, nekk ak moom rekk, laaj ko: «Lu
tax nun mënunu dàq rab bi?» [20-21] Yeesu tontu leen: «Ndaxte
dangeen tuuti ngëm. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, soo leen amee
ngëm gu tollu ni doomu fuddën dingeen wax tund bii: "Jógeel fii,
toxu fee" te dina ko def. Dara du leen të.»

### Yeesu mu ngi yéglewaat deewam

[22] Bi taalibe yi dajaloowee ci diiwaanu Galile, Yeesu wax leen ne:
«Dinañu jébbal Doomu nit ki ci loxoy nit ñi, [23] dinañu ko rey, te ci
ñetteelu fan ba mu dekki.» Taalibe yi am naqar gu réy ndax kàddu
yooyu.

### Yeesu mu ngi fey lempo ngir kër-Yàlla gi

[24] Bi Yeesu ak taalibeem yi yegsee ci dëkku Kapernawum, ñi doon
laaj lempo ngir kër-Yàlla gi jegesi Piyeer te laaj ko ne: «Ndax seen
jàngalekat bi du fey lempo ngir kër-Yàlla gi?» [25] Mu tontu ko ne:

«Waaw.» Bi Piyeer duggee ci kër gi Yeesu jëkka jël kàddu gi te ne
ko: «Loo ci xalaat Simoŋ? Buuri àddina sii, ci kan lañuy jote juuti ak
lempo? Ci seeni doom walla ci gan yi?» 26 Piyeer tontu ko ne: «Ci
gan yi.» Yeesu ne ko: «Kon nag doom yi bokkuñu ci. 27 Waaye ngir
bañ leena merloo, demal ci wetu dex ga, nga sànni oos, nga jël jën
bi ngay jëkka jàpp, te nga ubbi gémmiñam. Dinga ci fekk xànjaru
xaalis. Jël ko te nga fey leen lempo ngir nun ñaar.»

# 18

### Yeesu mu ngi jàngale ci lu jëm ci bàkkaar ak ci baale

1 Ci waxtu boobu taalibe yi jegesi Yeesu te laaj ko ne: «Kan mooy ki
gëna màgg ci nguuru asamaan si nag?» 2 Noonu mu woo benn xale,
teg ko ci seen biir, 3 te ne: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, su ngeen
woññeekuwul ngir mel ni xale yi, dungeen dugg ci nguuru asamaan
si. 4 Kon nag képp ku suufeelu ba mel ni xale bii, nit kooku mooy ki
gëna màgg ci nguuru asamaan si. 5 Ku nangu xale bu mel ni kii ci
sama tur, man mii la nangu. 6 Waaye ku bàkkaarloo kenn ci ñi gëna
ndaw ci ñi gëm ci man, kooku ñu takk xeer bu réy ci baatam te ñu
labal ko ci biir géej gi mooy gën ci moom. 7 Musiba dina dal ci
àddina siy xiir nit ñi ci bàkkaar. Fiir mënula ñàkk, waaye musiba
dina dal ci ki muy jaar. 8 Bu la sa loxo walla sa tànk di xiir ci
bàkkaar, dagg leen te sànni leen fu sori. Ndaxte nga dugg ci dund
gu wóor gi ak benn loxo walla benn tànk rekk moo gën nga am
ñaari loxo walla ñaari tànk te ñu sànni la ci safara su dul fey mukk.
9 Te bu la sa bët di xiir ci bàkkaar, lóqati ko te nga sànni ko fu sori.
Ndaxte nga dugg ci dund gu wóor gi ak benn bët moo gën nga am
ñaari bët te ñu sànni la ci safara.

10-11 «Moytuleen di xeeb kenn ci ñu ndaw ñii, ndaxte maa ngi leen
koy wax, seeni malaaka yi ci asamaan ñu ngi gis saa su nekk sama

xar-kanamu Baay bi ci asamaan. 12 Lan ngeen ci xalaat: su kenn
amee téeméeri xar te benn ci ñoom réer, ndax du bàyyi juróom
ñeent fukk ak juróom ñeent yi des ci tund bi ngir dem seeti bi réer?
13 Te bu ko gisee, ci dëgg maa ngi leen koy wax, dina bànneexu ci
xar boobu lu ëpp li muy bànneexu ci juróom ñeent fukk ak juróom
ñeent yi réerul. 14 Noonu tamit seen Baay bi ci asamaan bëggul kenn
ci ñu ndaw ñii réer.

15 «Bu sa mbokku gëmkat bàkkaaree, demal te nga yedd ko, yeen
ñaar rekk. Su la dégloo, delloosi nga sa mbokk. 16 Waaye su la
dégluwul, jëlal benn walla yeneen ñaari nit ak yaw ngeen dellu fa,
ngir *bépp mbir leer ci kàddu ñaar walla ñetti seede.* 17 Bu leen bañee
déglu, wax ko mbooloo ñi gëm, te su bañee déglu mbooloo ñi gëm,
nanga ko jàppe ni ku gëmul Yàlla walla juutikat. 18 Ci dëgg maa ngi
leen koy wax: Lépp lu ngeen yeew ci àddina si, dinañu ko yeew ci
asamaan, te lépp lu ngeen yewwi ci àddina si dinañu ko yewwi ci
asamaan. 19 Ci dëgg maa ngi leen koy waxaat, su ñaar ci yeen
déggoo ci àddina si ngir ñaan ak lu mu mëna doon, loolu sama Baay
bi ci asamaan dina leen ko may. 20 Ndaxte fu ñaar walla ñetti nit
booloo ci sama tur, maa ngi foofu ci seen biir.»

21 Noonu Piyeer jegesi ko te ne ko: «Boroom bi, su ma sama mbokk
tooñee, ñaata yoon laa ko wara baal? Xanaa ba juróom ñaari
yoon?» 22 Yeesu tontu ko ne: «Déedéet, waxuma la ba juróom ñaari
yoon, waaye ba juróom ñaar fukk ba muy juróom ñaari yoon.
23 Loolu moo tax nguuru asamaan si dafa mel ni benn buur bu
woolu surgaam yi ngir xam ku nekk ñaata la ko ameel. 24 Bi mu
tàmbalee, ñu andil ko benn surga bu ko ameeloon ay milyoŋ yu
bari. 25 Surga bi amul woon lu mu feye. Noonu njaatigeem bi joxe
ndigal ñu jaay ko, moom, jabaram, ay doomam, ak lépp li mu
amoon, ngir fey boram. 26 Noonu surga bi daanu ci tànku njaatige

bi, sukk ci kanamam, te ñaan ko ne: "Muñal ma te dinaa la fey
lépp." [27] Njaatige bi yërëm ko, baal ko boram, te bàyyi ko mu dem.
[28] Gannaaw loolu, surga bi génn te daje ak beneen surga bu ko
ameeloon ay junni. Mu jàpp ko, xoj ko te ne: "Fey ma li nga ma
ameel." [29] Moroomu surgaam bi daanu ci tànkam yi te di ko ñaan
naan: "Muñal ma te dinaa la ko fey." [30] Waaye mu bañ. Rax ci dolli
mu dem tëjlu ko kaso ba mu fey ko li mu ko ameel. [31] Bi yeneen
surga yi gisee li xewoon, ñu daldi ànd ak tiis bu réy te ñu dem
nettali seen njaatige lépp. [32] Noonu njaatige bi woolu surga boobu
te ne ko: "Surga bu bon bi, baal naa la sa bor bi yépp ndaxte danga
ma ñaan. [33] Ndax yaw tamit mënoo woona yërëm sa moroom mi, ni
ma la yërëme?" [34] Ci biir meram, njaatige bi daldi ko jébbal ñi koy
metital ci kaso bi ba mu fey boram bi yépp.» [35] Te Yeesu yokk ca ne:
«Noonu la leen sama Baay bi ci asamaan di def, su fekkee ku nekk ci
yeen du baal moroomam ak xolam bépp.»

# 19

## Yeesu mu ngi jàngale ci li jëm ci séy

[1] Bi Yeesu waxee kàddu yooyu ba noppi, mu jóge ci diiwaanu
Galile dem ci diiwaanu Yude ci wàll bi féete ci beneen wetu dexu
Yurdan. [2] Mbooloo mu takku topp ko, te foofu mu wéral ñi feebar.
[3] Ay Farisen jegesi ko ngir fiir ko. Ñu laaj ko: «Ndax sunu yoon bi
may na góor mu fase jabaram ak lu mu mën di doon?» [4] Yeesu tontu
leen ne: «Xanaa jànguleen ne: Ki sàkk ca njàlbéen ga *sàkkoon na nit,*
*góor ak jigéen,* [5] te mu ne leen: "*Loolu moo tax góor dina bàyyi pàppaam*
*ak yaayam ngir taq ci jabaram, te ñoom ñaar ñu doon benn*"? [6] Noonu
nekkatuñu ñaar waaye benn lañuy doon. Kon nag li Yàlla boole, bu
ko nit tas.» [7] Ñu ne ko: «Lu tax nag Musaa santaane góor mu jox
jabaram bataaxal ngir fase ko?» [8] Yeesu tontu leen: «Seen

dëgëraayu xol moo tax Musaa may leen ngeen di fase seeni jabar,
waaye ca njàlbéen ga demewul woon noonu. 9 Maa ngi leen koy
wax, ku fase jabaram te du ci njaaloo te séyaat ak beneen jigéen,
njaaloo nga.»
10 Taalibeem yi ne ko: «Su fekkee noonu la diggante góor ak jigéen
mel, baña séy moo gën.» 11 Yeesu tontu leen: «Du ñépp ñoo mëna
nangu loolu, waaye ñi ko Yàlla may rekk. 12 Ndaxte am na ñu
mënula séy, ñenn ñi dañoo judduwaale tële, ñeneen ñi dañoo tële
jaarale ko ci loxoy nit, te am na tamit ñu baña séy ndax nguuru
asamaan si. Ku mëna nangu kàddu googu, na ko nangu.»

### Yeesu mu ngi wax ci duggum nguuru asamaan si

13 Amoon na ñu ñëw, andil Yeesu ay gone ngir mu teg leen loxo te
ñaanal leen, waaye taalibe yi di leen gëdd. 14 Noonu Yeesu ne:
«Bàyyileen gone yi, buleen leen tere ñu ñëw ci man, ndaxte ñu mel
ni ñoom ñoo moom nguuru asamaan si.» 15 Gannaaw loolu, Yeesu
teg leen loxo te wéy ci yoonam.
16 Noonu benn waxambaane jegesi ko te ne ko: «Jàngalekat bi, lan
laa wara def lu baax ngir am dund gu dul jeex gi?» 17 Yeesu tontu ko
ne: «Lan moo tax nga may laaj ci lu baax? Kenn rekk moo baax. Soo
bëggee dugg ci dund gi, déggalal ndigal yi.» 18 Waxambaane bi ne
ko: «Yan ndigal?» Yeesu tontu ko: «*Bul rey nit, bul njaaloo, bul sàcc,*
*bul seede lu dul dëgg,* 19 *teralal sa baay ak sa yaay, te nga bëgg sa moroom*
*ni nga bëgge sa bopp.*» 20 Waxambaane bi ne ko: «Ndigal yooyu yépp,
sàmm naa leen. Lu ma deseeti?» 21 Yeesu ne ko: «Soo bëggee nekk
ku mat, demal, nga jaay li nga am, jox ko néew-di-doole yi. Noonu
dinga am alal ci asamaan si, te nga ñëw topp ci man.» 22 Bi
waxambaane bi déggee kàddu yooyu, mu dem ànd ak tiis ndaxte
dafa bari woon alal lool.
23 Noonu Yeesu ne taalibe yi: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lu

jafe a ngoogu ngir boroom alal dugg ci nguuru asamaan si. [24] Maa
ngi leen koy waxaat, giléem jaar ci bën-bënu puso moo gëna yomb
boroom alal dugg ci nguuru Yàlla.» [25] Bi ñu déggee loolu, taalibe yi
daldi jaaxle lool te ñu ne ko: «Kon nag, kan moo mëna mucc?»
[26] Yeesu xool leen te ne leen: «Loolu të na nit waaye Yàlla mën na
lépp.» [27] Noonu Piyeer jël kàddu gi te ne: «Xoolal! Nun, bàyyi nanu
lépp ngir topp la. Kon nag nu nuy mujje?» [28] Yeesu ne leen: «Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, bés bi Yàlla di yeesal mbir yépp, bu Doomu
nit ki toogee ak màggaayam ci baŋu nguuram, yeen ñi ma topp,
yeen tamit dingeen toog ci fukki baŋu nguur ak ñaar ngir àtte fukki
giir ak ñaar yu Israyil. [29] Te képp ku bàyyi ay këram, ay mbokkam
yu góor ak ay mbokkam yu jigéen, baayam, yaayam, ay doomam
walla ay suuf ndax sama tur, dina ko jotaat lu ëpp téeméeri yoon te
am dund gu dul jeex gi. [30] Waaye ñu bari ci ñi jiitu léegi dinañu
mujje. Te ñu bari ci ñi mujje léegi dinañu jiitu.»

## 20

### Yeesu mu ngi nettali léebu liggéeykat yi ci tollu reseñ bi

[1] «Nguuru asamaan si lii lay nirool: dafa amoon benn boroom kër
bu jóg suba teel ngir jël ay nit, ñu liggéeyal ko ci toolu reseñam.
[2] Mu déggoo ak ñoom ci peyoor bi mu leen wara fey: benn xànjaru
xaalis ngir bés bi. Noonu mu wax leen ñu dem liggéeyi ci toolu
reseñam. [3] Ci juróom ñeenteelu waxtu ci suba si, mu génnaat te gis
ñeneen ñu nekkoon ci pénc bi, defuñu dara. [4] Mu ne leen: "Yeen
tamit, demleen liggéeyi ci sama toolu reseñ bi, te dinaa leen jox lu
jaadu." [5] Ñu dem fa. Mu génnaat tamit ci diggu bëccëg ak ci
ñetteelu waxtu ci ngoon, te defaat noonu. [6] Ci mujjantal ba, ci
booru juróomi waxtu ci ngoon, mu génn te gis yeneen nit yu
nekkoon foofu te mu ne leen: "Lu tax ngeen nekk fii ci bés bi yépp

te defuleen dara?" [7] Ñu tontu ko ne: "Ndaxte kenn jëlu nu." Mu ne
leen: "Yeen tamit, demleen liggéeyi ci sama toolu reseñ bi." [8] Bi
ngoon si jotee, boroom tool bi wax jiitu surgaam yi ne: "Woowal
liggéeykat yi te nga jox ku nekk peyooram, nga tàmbale ci ñu mujj
ñi, te jeexale ci ñu jëkk ña." [9] Liggéeykat yi ñu jëloon ci juróomeelu
waxtu ci ngoon ñëw nag te jot ku nekk benn xànjaru xaalis. [10] Bi ñu
jëkk ñi ñëwee, ñu xalaat ne dinañu jot lu ëpp loolu, waaye ñoom
tamit ñu jot ku nekk benn xànjaru xaalis. [11] Bi ñu ko jotee ñu
tàmbale xultu jëmale ko ci boroom kër gi, [12] di naan: "Ñi mujje benn
waxtu rekk lañu liggéey te nga tolloole leen ak nun ñi doon muñ
coono liggéeyu bésu lëmm ci naaj bu tàng bi." [13] Waaye boroom tool
bi tontu kenn ci ñoom ne: "Sama xarit, tooñuma la. Ndax
déggoowuloo woon ak man ci benn xànjaru xaalis? [14] Jëlal nag li nga
moom te nga dem. Dafa ma neex ma jox ku mujj ki lu tollu ni li ma
la jox. [15] Ndax amuma sañ-sañu def li ma neex ci sama alal? Walla
ndax danga iñaan ci li ma baax?"» [16] Yeesu yokk ca ne: «Noonu ñi
mujje dinañu jiitu te ñi jiitu dinañu mujje.»

### Section 44: Doomu nit ki dafa ñëw ni surga

[17] Bi Yeesu di dem Yerusalem, ci yoon bi mu jël fukk yi ak ñaar, ber
leen te ne leen: [18] «Dégluleen! Nu ngi ci yoonu Yerusalem. Foofu
dinañu jébbal Doomu nit ki ci loxoy njiiti-jébbalkati-sarax yi ak
jàngalekati-yoonu-Musaa. Dinañu ko teg daanu dee, [19] te jébbal ko
ci loxoy ñi nekkul Yawut ngir ñu ñaawal ko, dóor ko ay yar, daaj ko
ci bant, te ci ñetteelu fan ba mu dekki.»

[20] Noonu jabaru Sebede, ànd ak doomam yi, Saak ak Yowaana,
jegesi Yeesu. Mu sukk ci kanamam ngir ñaan ko benn mbir. [21] Yeesu
ne ko: «Soxna si, lan nga bëgg ma defal la ko?» Mu tontu ko ne:
«Dama bëgg nga santaane ngir, boo nekkee ci sa nguur, sama ñaari
doom yii toog, kenn ki ci sa ndeyjoor, keneen ki ci sa càmmoñ.»

[22] Yeesu wax Saak ak Yowaana ne: «Xamuleen li ngeen di ñaan.
Ndax mën ngeena naan kaas bi ma nara naan?» Ñu tontu ko ne:
«Waaw, mën nanu ko.» [23] Yeesu ne leen: «Sama kaas bi, dingeen ci
naan, waaye toog ci sama ndeyjoor walla ci sama càmmoñ du man
maa koy maye. Béréb yooyu, ñi leen sama Baay jagleel ñoo leen
moom.»
[24] Bi fukk yi des déggee loolu, ñu daldi mere Saak ak Yowaana,
[25] waaye Yeesu woo leen ñoom ñépp ci wetam te ne leen: «Xam
ngeen ne njiiti xeet yi dañuy not seeni askan, te kilifa yi di jëfe ak
sañ-sañ ci ñoom. [26] Warul deme noonu ci seen biir. Waaye ku bëgga
nekk màgg ci seen biir, na nekk seen surga, [27] te ku bëgga jiitu ci
seen biir, na nekk seen jàmm. [28] Noonu la mel ci Doomu nit ki:
ñëwul ngir ñu nekk ay surgaam, waaye ngir mu nekk surga te joxe
bakkanam ngir fey boru bàkkaaru ñu bari.»

### Yeesu wéral na ñaari gumba

[29] Bi Yeesu ak taalibe yi génnee Yeriko, mbooloo mu takku di ko
topp. [30] Foofu amoon na ñaari gumba yu toogoon ci wetu yoon bi. Bi
ñu déggee ne Yeesu mooy jàll, ñu tàmbale yuuxu, naan: «Boroom
bi, sëtu Daawuda, yërëm nu.» [31] Mbooloo mi di leen gëdd ngir ñu
noppi. Waaye ñu gëna yuuxu ak baat yu kawe naan: «Boroom bi,
sëtu Daawuda, yërëm nu.» [32] Yeesu daldi taxaw, woo leen te ne leen:
«Lan ngeen bëgg ma defal leen?» [33] Ñu tontu ko ne: «Boroom bi, na
sunu bët yi ubbeeku.» [34] Yeesu yërëm leen te laal seen bët yi. Ci saa
si ñu gisaat te topp Yeesu.

## 21

### Ay nit yu bari ñu ngi xumbal duggu Yeesu ca Yerusalem

[1] Yeesu ak taalibeem yi jegesi Yerusalem. Bi ñu yegsee dëkku

Betfase ci tundu Oliw ya, mu yónni ñaari taalibe [2] ne leen:
«Demleen ci gox bi nekk ci seen kanam. Ci saa si dingeen fa fekk
benn mbaam bu jigéen bu ñu takk ak doomam bu nekk ak moom.
Ngeen yewwi leen te andil ma leen. [3] Bu leen kenn waxee dara,
dingeen ko ne: "Boroom bi moo ko soxla," te ci saa si dina bàyyi
mbaam yi ñu dem.» [4] Loolu am na ngir li yonent bi waxoon mat, bi
mu naan:

[5] *«Waxal waa Siyoŋ:*
*"Xoolleen! Seen Buur, mu ngi ñëw ci yeen,*
*suufeelu te yéeg ci mbaam bu jigéen*
*ak ci mbaam bu ndaw,*
*di doomu mala bu yenu lu diis."»*

[6] Noonu nag, taalibe yi dem te ñu defe ko ni leen ko Yeesu sante
woon. [7] Ñu andi mbaam bu jigéen bi ak doomam te teg ci seeni yére,
te Yeesu toog ci kawam. [8] Mbooloo mu takku di lal seen yére yi ci
yoon bi. Ñeneen ñi dagg ay cari garab di leen lal ci yoon bi.
[9] Mbooloo mi ko jiitu woon ak bi ko doon topp di yuuxu naan:

«Osaana yaw sëtu Daawuda!
*Na Yàlla barkeel kiy ñëw ci turu Boroom bi!*
Osaana ci asamaan yi gëna kawe!»

[10] Bi Yeesu duggee Yerusalem, dëkk ba yépp yëngatu naan: «Kii
mooy kan?» [11] Mbooloo mi ko gunge woon tontu ne: «Kii mooy
yonent Yàlla Yeesu bu Nasaret ci diiwaanu Galile.»

### Yeesu mu ngi dàq jaaykat yi ci kër-Yàlla gi te moolu garabu gaŋ bi

[12] Yeesu dugg na ci ëttu Kër-Yàlla gi te dàq ñépp ñi fa doon jaay ak
jënd. Mu daaneel taabali wéccikatu xaalis yi ak toogukaayu
jaaykatu pitax yi, [13] te mu ne leen: «Mbind mi nee na: "*Sama kër,
dinañu ko woowe këru ñaanukaay,* " waaye yeen def ngeen ko *këru*

*sàcc yi.»*
[14] Noonu ay gumba ak ay lafañ jegesi Yeesu ci ëttu Kër-Yàlla gi te
mu wéral leen. [15] Amoon na ay xale yu fa doon yuuxu naan: «Osaana
sëtu Daawuda.» Bi njiiti-jébbalkati-sarax yi ak
jàngalekati-yoonu-Musaa déggee loolu te gis yëf yu yéeme yi Yeesu
doon def, ñu daldi mer. [16] Ñu ne ko: «Ndax dégg nga li xale yi di
wax?» Yeesu tontu leen ne: «Waaw, dégg naa ko. Xanaa yeen,
mësuleena jàng kàddu yii ci Mbind mi:

*"Ci gémmiñu gone yi ak ñiy nàmp*
*sàkkal nga sa bopp ay cant."?»*

[17] Gannaaw loolu mu bàyyi leen te génn dëkk bi ngir dem fanaani
dëkku Betani.
[18] Ëllëg sa, ci suba teel; bi muy dellu ci dëkk bi, mu xiif. [19] Mu gis
benn garabu gaŋ ci wetu yoon bi. Mu jegesi ko, waaye fekku fa lu
dul ay xob. Noonu mu ne garab bi: «Dootuloo meññ mukk.» Ci saa
si garabu gaŋ bi daldi wow koŋŋ. [20] Bi ñu gisee loolu, taalibe yi
waaru te ne: «Naka la garabu gaŋ bi mëna wowe ci saa si?» [21] Yeesu
tontu leen ne: «Maa ngi leen koy wax, su ngeen gëmee te baña am
sikki-sàkka, dungeen yem rekk ci li ma def garabu gaŋ bii, waaye
dingeen mëna wax sax tund bii ne: "Jógal fii te nga daanu ci géej
gi," te dina am. [22] Lépp lu ngeen ñaan Yàlla, bu ngeen amee ngëm,
dingeen ko jot.»

### Yeesu mu ngi nettali ñaari léeb ngir wone sañ-sañam

[23] Bi Yeesu yegsee ci ëttu kër-Yàlla gi, mu tàmbali di jàngale.
Noonu njiiti-jébbalkati-sarax yi ak magi askan bi ñëw, laaj ko ne:
«Wax nu, ci ban sañ-sañ ngay defe mbir yii? Ak kan moo la jox
sañ-sañ boobu?» [24] Noonu Yeesu tontu leen: «Man tamit, am naa
benn laaj ngir yeen. Bu ngeen ma tontoo, dinaa leen tontu tamit ci
ban sañ-sañ laay defe mbir yii. [25] Li Yaxya doon def, di sóob nit ñi ci

ndox, fan la ko jële: ci Yàlla walla ci nit?» Noonu ñuy waxtaan ci
seen biir ne: «Bu nu waxee ne "Ci Yàlla la ko jële," dina wax "Lu tax
yeen gëmuleen ko?" 26 Waaye bu nu waxee ne "Ci nit la ko jële," war
nanu ragal mbooloo mi, ndaxte ñépp jàpp nañu ne Yaxya yonent la
woon.» 27 Noonu ñu tontu ko ne: «Xamunu fan la ko jële.» Yeesu ne
leen: «Man tamit duma leen wax ci ban sañ-sañ laay defe mbir yii.
28 «Lan ngeen xalaat ci lii? Benn waay amoon na ñaari doom yu
góor. Mu dem ci ku jëkk ki te ne ko: "Sama doom, tey nanga dem
liggéeyi ci sama toolu reseñ bi." 29 Doom ji ne ko: "Bëgguma dem."
Ci kanam tuuti mu réccu te mu dem fa. 30 Pàppa ji dem ci ñaareelu
doom ji te wax ko li mu waxoon ku jëkk ki. Mu tontu ko ne: "Waaw
pàppa. Maa ngi fay dem." Waaye demu fa. 31 Kan ci ñoom ñaar ñi
moo def coobare pàppaam?» Ñu tontu ko ne: «Ku jëkk ki.» Noonu
Yeesu ne leen: «Ci dëgg maa ngi leen koy wax: juutikat yi ak jigéen
yiy jaay seen yaram dinañu leen jiitu ci nguuru Yàlla gi, 32 ndaxte
Yaxya ñëw na ngir won leen yoonu njubte bi te yeen gëmuleen ko.
Waaye juutikat yi ak jigéen yuy jaay seen yaram gëm nañu ko. Te
yeen, bi ngeen gisee loolu sax, taxul ngeen réccu ba gëm ko.»
33 Gannaaw loolu Yeesu ne leen: «Dégluleen beneen léeb: dafa
amoon benn boroom kër bu jëmbët toolu reseñ. Mu wërale ko ak
miir, gas fa nalukaayu reseñ, te tabax wottukaay. Noonu mu batale
ko ay beykat te tukki. 34 Bi waxtu góob bi jegesee, mu yónni
surgaam yi ci beykat yi ngir ñu jox ko meññeefam, 35 waaye beykat
yi jàpp surga yi: ñu dóor kenn ki, rey keneen ki, te sànni ay xeer ki
ci des. 36 Boroom tool bi yónniwaat yeneen surga yu gëna bari ñu
jëkk ña, waaye beykat yi def leen li ñu defoon ñu jëkk ña. 37 Ci
mujjantal ba, mu yónnee leen doomam bu góor, di wax ne: "Dinañu
jox cér sama doom." 38 Waaye bi beykat yi gisee doom ji, ñu wax ci
seen biir ne: "Ki wara donn tool bi mu ngi nee di ñëw. Ñëwleen, nu

rey ko te nu moom tool bi." 39 Noonu ñu jàpp ko, génne ko toolu
reseñ bi, te rey ko.»
40 Noonu Yeesu laaj ñi ko doon déglu: «Bu boroom tool bi ñëwee,
lan la nara def beykat yooyu?» 41 Ñu tontu ko ne: «Dina rey nit yu
bon yooyu te du ci am yërmande. Gannaaw loolu dina dénk toolam
yeneen beykat yu koy jox meññeefam ci waxtu bi gën.» 42 Yeesu ne
leen: «Xanaa mësuleen jàng ci Mbind mi lii:

*"Doj bi tabaxkat yi sànni woon*
*mujj na nekk doj bi ëpp solo ci tabax bi.*
*Boroom bi moo def loolu,*
*te lu yéeme la ci sunuy bët"?*

43 Loolu moo tax maa ngi leen koy wax: yeen, Yàlla dina leen xañ
nguuram te jox ko askan buy am meññeef, maanaam jëfi nguuram.
44 Ku daanu ci kaw doj bii damm. Te képp ku mu daanu ci sa kaw,
dina la rajaxe.»
45 Bi njiiti-jébbalkati-sarax yi ak Farisen yi déggee léeb yooyu, ñu
xam ne ñoom la doon waxal. 46 Noonu ñuy wut nu ñu koy jàppe,
waaye ragaloon nañu mbooloo mi, ndaxte ñépp jàppoon nañu ne
Yeesu yonent la woon.

## 22

### Yeesu mu ngi nettali léebu buur bi doon waajal céetu doomam

1 Yeesu waxaat leen beneen léeb ne leen: 2 «Nguuru asamaan si,
mu ngi nirook benn buur bu doon waajal céetu doomam bu góor.
3 Mu yónni surgaam yi ngir ñu jëli ñi ñu woo ci céet bi, waaye
bëgguñu woona ñëw. 4 Mu yónniwaat yeneen surga, ne leen:
"Demleen wax ñi ñu woo: 'Xoolleen! Togglu naa sama añ, reylu naa
samay nag ak samay jur yi ma yafal. Lépp sotti na. Ñëwleen ci lekku
céet bi.'" 5 Waaye ñoom fullaaluñu woote bi. Ñu daldi dem, kenn ki

ci toolam, keneen ki ci njaayam, 6 te ñeneen ñi jàpp surga yi,
toroxal leen, te rey leen. 7 Noonu buur bi daldi mer, yónni ay
soldaaram ngir ñu rey reykatu nit yooyu te lakk seen dëkk. 8 Noonu
mu wax ay surgaam: "Lekku céet bi sotti na waaye ñi ñu woo woon
yelloowuñu ko. 9 Demleen nag ci mbedd yu mag yi te ngeen woo ci
lekk bi ñépp ñi ngeen fa fekk." 10 Surga yi dem ci mbedd yi. Ñu
dajale ñépp ñi ñu fa fekk, ñu bon ñi ak ñu baax ñi, te bérébu xew bi
daldi fees ak nit. 11 Bi buur bi duggee ngir gis ñi fa nekkoon, mu
seen benn waay bu solul woon yére xew. 12 Mu ne ko: "Sama xarit,
noo def ba dugg ba fii te soluloo yére xew?" Waaye waa ji tontuwu
ko dara. 13 Noonu buur bi ne surgaam yi: "Yeewleen ko, tànk yi ak
loxo yi, te sànni ko ci biti ci lëndëm bi. Foofu la jooy di ame ak yéy
bëñ."» 14 Yeesu yokk ca ne: «Ñi ñu woo bari nañu, waaye ñi ñu tànn
bariwuñu.»

### Farisen yi ak Sadusen yi ñu ngi fiir Yeesu

15 Noonu Farisen yi dem di waxtaan ci seen biir ngir mëna fiir
Yeesu ci ay kàddoom. 16 Ñu yónni seeni taalibe ak ñi far ak Erodd.
Ñu ne ko: «Jàngalekat bi, xam nanu ne dëgg ngay wax tey jàngale
yoonu Yàlla bi ak njubte te ragaloo kenn, ndaxte doo àtte nit ci
melokaanam. 17 Wax nu nag sa xalaat: ndax yoonu Musaa bi maye
na walla déet nuy fey lempo Sesaar?» 18 Waaye Yeesu xam seen
coxorte te ne leen: «Naaféq yi! Lu tax ngeen may fiir? 19 Wonleen
ma xànjar bi ñu wara feye lempo.» Ñu andil ko benn xànjaru xaalis
20 te Yeesu laaj leen ne: «Nataal ak mbind mi ci nekk, kan mooy
boroom?» 21 Ñu ne ko: «Sesaar.» Noonu Yeesu ne leen: «Joxleen nag
Sesaar li Sesaar moom te ngeen jox Yàlla li Yàlla moom.» 22 Bi ñu
déggee loolu, ñu waaru. Noonu ñu bàyyi ko fa te dem.

23 Ci bés boobu sax ñenn ñi bokk ci tarixa Sadusen yi ñëw ci wetu
Yeesu. Ñoom gëmuñu woon ne ndekkite am na. 24 Ñu ne ko:

«Jàngalekat bi, Musaa nee na: *su fekkee dafa am benn waay ju dee te amul doom, rakkam dafa wara takk jabaru magam bi ngir amal ko doom.*
25 Léegi nag ci sunu biir dafa amoon juróom ñaari góor yu bokk
ndey ak baay. Taaw bi takk jabar, dee, te amul doom, te bàyyil nag
jabaram rakkam. 26 Ñaareel ba ak ñetteel ba def noonu, ba ci juróom
ñaareel ba. 27 Gannaaw bi ñu deewee ñoom ñépp, ku jigéen ki moom
tamit dee. 28 Ci ndekkitelu ñu dee ñi, jabaru kan lay doon ci juróom
ñaar yi? Ndaxte ñoom ñépp takkoon nañu ko.» 29 Yeesu tontu leen
ne: «Li ngeen xamul Mbind mi ak kàttanu Yàlla moo tax ngeen
nekk ci njuumte. 30 Ndaxte ci ndekkitel bi góor du takk jabar te
jigéen du am jëkkër, waaye dinañu mel ni malaaka yi ci asamaan.
31 Ci lu jëm ci ndekkitelu ñu dee ñi, xanaa jànguleen li leen Yàlla
wax? Dafa ne: 32 "*Man maay Yàllay Ibraayma, Yàllay Isaaxa, ak Yàllay Yanqóoba.*" Yàlla nekkul Yàllay ñi dee waaye Yàllay ñiy dund.» 33 Bi
ñu déggee loolu, mbooloo mi yéemu ci njàngaleem.

34 Bi Farisen yi yégee ne Yeesu tëj na gémmiñu Sadusen yi, ñu daje
35 te kenn ci ñoom, te di jàngalekatu-yoonu-Musaa, bëggoon ko fiir.
Noonu mu laaj ko ne: 36 «Jàngalekat bi, ban ndigal moo gëna mag ci
yoonu Musaa?» 37 Yeesu tontu ko ne: «*Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp, sa bakkan bépp, ak sa xel mépp.* 38 Ndigal boobu moo gëna
mag te ëpp solo. 39 Te ñaareel bii noonu la mel: *Nanga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.* 40 Yoonu Musaa bépp ak lépp li yonent
yi jàngale ñu ngi aju ci ñaari ndigal yooyu.»

41 Gannaaw Farisen yi daje woon nañu, Yeesu laaj leen laaj bii 42 ne:
«Lu ngeen xalaat ci Almasi bi? Sëtu kan la?» Ñu tontu ko ne: «Sëtu
Daawuda la.» 43 Yeesu ne leen nag: «Naka la Daawuda, ci kàttanu
Xel mu Sell mi, di ko woowe Boroom bi, ne:

44 "*Yàlla Aji Sax ji nee na sama Boroom:*
*'Toogal ci sama ndeyjoor*

*ba ma daaneel say noon*
*fi ngay teg say tànk.'"*
[45] Su fekkee Daawuda woowe na Almasi bi Boroomam, kon nag naka
la Almasi bi mëna nekke sëtu Daawuda?» [46] Kenn mënu ko woona
tontu dara. Dale ko ci bés boobu, kenn ñemeetu ko woon laaj dara.

## 23

### Yeesu mu ngi ŋàññ jàngalekati-yoonu-Musaa ak Farisen yi

[1] Gannaaw loolu Yeesu wax mbooloo mi ak taalibeem yi [2] ne:
«Jàngalekati-yoonu-Musaa ak Farisen yi ñoom lañu sas ñuy jàngale
yoonu Musaa. [3] Lépp lu ñu leen wax nag, defleen ko te sàmm ko,
waaye buleen roy ci seeni jëf, ndaxte dañuy wax te duñu jëf.
[4] Dañuy sas nit ñi ay jëf yu diis yu mettee yenu te di ko teg ci
mbaggu ñeneen ñi, waaye ñoom duñu ko nangoo laal sax ak seen
catu baaraam. [5] Seeni jëf yépp, dañu koy def ngir nit ñi gis leen.
Dañuy réyal mbindu kàddu Yàlla yi ñuy takk ci seeni loxo ak ci seen
jë tey guddal seeni cimbir-cimbiru mbubb. [6] Dañuy bëgg di toog ci
toogukaay yu yiw yi ci lekku xew yi te di toog ci toogukaay yi féete
kanam ci kër-ñaan yi, [7] te ñu di leen nuyu ak ñaari loxo ci pénc
dëkk bi te nit ñi di leen woowe jàngalekat bi. [8] Waaye yeen, buleen
nangu ñu woowe leen jàngalekat bi, ndaxte yeen ñépp ay mbokk
ngeen te kenn rekk mooy seen jàngalekat. [9] Buleen woowe kenn
baay ci suuf si ndaxte benn Baay rekk ngeen am, mooy ki nekk ci
asamaan. [10] Te buleen nangu tamit ñu leen di woowe kilifa gi,
ndaxte kenn rekk mooy seen kilifa, moo di Almasi bi. [11] Ki gëna mag
ci seen biir, na nekk seen surga. [12] Ku yékkëtiku, dinañu la suufeel,
te ku suufeelu, dinañu la yékkëti.
[13-14] «Waaye musiba dina leen dal yeen jàngalekati-yoonu-Musaa
ak yeen Farisen yi, naaféq yi, ndaxte dangeen di tëj buntu nguuru

asamaan si ci kanamu nit ñi. Dugguleen ci, yeen ci seen bopp, te
bàyyiwuleen ñi ci bëgga dugg ñu dugg. [15] Musiba dina leen dal yeen
jàngalekati-yoonu-Musaa ak yeen Farisen yi, naaféq yi, ndaxte
yeena ngi wër suuf ak géej ngir wut benn taalibe, te bu ngeen ko
amee, ngeen def ko nitu safara bu leen gëna yées ñaari yoon.
[16] «Musiba dina leen dal, yeen gumba yiy wommat, yeen ñiy wax
ne: "Ku waat ci kër-Yàlla gi, dara nekku ci; waaye bu waatee ci
wurusu kër-Yàlla gi, duggal na boppam." [17] Yeen ñu ñàkk xel ñi te
gumba! Lan moo gëna am solo: wurus bi walla kër Yàlla biy sellal
wurus bi? [18] Dangeen di wax tamit ne: "Bu kenn waatee ci bérébu
saraxlukaay bi, loolu dara nekku ci; waaye bu waatee ci sarax bi
nekk ci kaw bérébu saraxlukaay bi, duggal na boppam." [19] Gumba yi
ngeen doon! Lan moo gëna am solo: sarax bi walla bérébu
saraxlukaay biy sellal sarax bi? [20] Ki waat nag ci bérébu saraxlukaay
bi waat na ci bérébu saraxlukaay bi ak lépp li nekk ci kawam. [21] Te
ki waat ci kër-Yàlla gi waat na ci kër-Yàlla gi ak ci ki fa dëkk. [22] Te ki
waat ci asamaan waat na ci baŋu nguuru Yàlla gi ak ci ki fa toog.
[23] «Waaye musiba dina leen dal yeen jàngalekati-yoonu-Musaa ak
yeen Farisen yi, naaféq yi, ndaxte dangeen di sàkk asaka ci xeetu
safal yii: naana, anet, ak kumin te di sàggane li ëpp solo ci yoon bi,
maanaam njubte, yërmande, ak ngëm. Loolu ngeen war di jëfe te
ngeen baña sàggane li ci des. [24] Gumba yiy wommat yi ngeen doon.
Yeena ngi segg wallax-njaan yi tey wann giléem.
[25] «Musiba dina leen dal, yeen jàngalekati-yoonu-Musaa ak yeen
Farisen yi, naaféq yi. Dangeen tàmm di raxas ci biti kaas bi ak bu
ndab li, waaye ci biir mu ngi fees ak li ngeen sàcc ndax seeni
bëgg-bëgg yu bon. [26] Farisen bu gumba bi! Jëkkala setal ci biir kaas
bi ba noppi, te noonu biti bi dina set. [27] Musiba dina leen dal yeen
jàngalekati-yoonu-Musaa ak yeen Farisen yi, naaféq yi, ndaxte

dangeen mel ni ay bàmmeel yu ñu weexal. Dañuy rafet ci biti
waaye ci seen biir dañoo fees ak ay yaxu ñu dee ak xeetu tilim bu
nekk. [28] Yeen tamit ci kanamu nit ñi dangeen di mel ni ñu jub,
waaye ci seen biir xol dangeen fees ak naaféq ak lu bon.
[29] «Musiba dina leen dal yeen jàngalekati-yoonu-Musaa ak yeen
Farisen yi, naaféq yi, ndaxte yeenay tabax ay bàmmeel ngir yonent
yi tey rafetal bàmmeelu ñu jub ñi, [30] tey wax ne: "Su nu fekkee
woon sunu jamonoy maam, dunu ànd ak ñoom ngir rey yonent yi."
[31] Noonu seedeel ngeen seen bopp ne yeenay sëti ñi doon rey
yonent yi. [32] Kon nag yeggaleleen li seen maam yi tàmbale woon.
[33] «Yeen ñi mel ni ay jaan yu fees ak daŋar. Naka ngeen mëna
moytoo ba Yàlla du leen teg daanu safara si? [34] Moo tax xoolleen!
Dinaa leen yónnee ay yonent ak ñu am xel mu rafet ak ay
jàngalekatu Mbind mi. Dingeen rey ñenn ñi te daaj ñeneen ñi ci
bant. Ñi ci des, ngeen dóor leen ay yar ci biir kër-ñaan yi te ngeen
fitnaal leen ci dëkk ak dëkk. [35] Noonu Yàlla dina këpp ci seen kaw
deretu ñu jub ñi yépp, bi ñu tuur ci suuf si dale ko ci deretu Abel
mu jub mi ba ci deretu Sakari miy doomu Baraki te ngeen reyoon
ko ci diggante béréb bu sell bi ak bérébu saraxlukaay bi. [36] Ci dëgg
maa ngi leen koy wax, loolu lépp dina këppu ci kaw niti jamono jii.
[37] «Aa Yerusalem, Yerusalem, yaw miy rey yonent yi tey sànni ay
xeer ñi la Yàlla yónnee ba ñu dee. Ñaata yoon ma bëgga dajale say
doom ni ginaar di dajalee ay cuujam te muur leen ak ay laafam,
waaye yeen, bëgguleen ko. [38] Xoolal! Yàlla dina leen bàyyee seen
dëkk, mu mel ni màndiŋ. [39] Ndaxte maa ngi leen koy wax, dale ko
tey, dungeen ma gisati ba keroog ngeen di wax ne: "*Na Yàlla barkeel
kiy ñëw ci turu Boroom bi!*"»

# 24

## Yeesu mu ngi wax ci delluseem

1 Bi Yeesu doon génn ci kër-Yàlla gi tey dem, taalibe yi jegesi ko
ngir won ko ni tabaxu kër-Yàlla gi rafete. 2 Yeesu tontu leen ne:
«Gis ngeen li yépp? Ci dëgg maa ngi leen koy wax, li lépp dinañu ko
yàq, te doj dootul des ci kaw doj.»

3 Yeesu toog ci tundu Oliw ya, te taalibe yi jegesi ko, ñoom ak
moom rekk, ñu ne ko: «Wax nu, kañ la loolu di am, ak ban
màndarga mooy firndeel sa ñëw ak njeextelu àddina si?» 4 Yeesu
tontu leen ne: «Moytuleen! Buleen kenn nax. 5 Ndaxte dina am ñu
bari ñuy ñëw mbubboo sama tur tey wax ne: "Man, maay Almasi
bi," te dinañu nax ay nit ñu bari. 6 Dingeen dégg ñuy wax ci xare ak
ay coowi xare. Buleen ragal, ndaxte mbir yooyu fàww ñu am, waaye
nekkagul njeextel gi. 7 Ndaxte benn xeet dina jóg ngir xeex ak
beneen xeet, te réew dina jóg ngir xeex ak beneen réew, te dina am
ay xiif ak yëngu-yëngu suuf ci béréb yu wuute. 8 Waaye xew-xew
yooyu yépp dinañu mel ni metit yu jëkk ci matu.

9 «Yeen, dinañu leen fitnaal, réy leen, te xeet yépp dinañu leen
bañ ndax sama tur, 10 te noonu ñu bari dinañu bàyyi ngëm gi;
dinañu worante tey bañante. 11 Yonent yu dëgguwul yu bari dinañu
feeñ te nax nit ñu bari. 12 Lu bon day law, ba tax mbëggeelu ñu bari
wàññeeku, 13 waaye ku dëgër-dëgërlu ba ci njeextel ga dinga mucc.
14 Xibaar bu baax bii ci nguuru asamaan si dinañu ko yégle ci àddina
si yépp, ngir loolu nekk seede ci xeet yépp, te noonu njeextel gi
ñëw.

15 «Dina am bés, li ñuy wax "lu araam tey yàqe" taxaw ci béréb bu
sell bi. Loolu mooy li yonent Yàlla Dañeel waxoon (na ki jàng, xam).
Su ngeen gisee loolu, 16 na ñi nekk ci Yude daw yéeg ci tund yi. 17 Ki

nekk ci kaw këram, bu mu wàcc ngir jël dara ci biir këram, [18] te ki
nekk ci tool yi, bu mu dellu gannaaw ngir jël mbubbam. [19] Musiba
dina dal jigéen ñi nga xam ne dañoo ëmb ak ñiy nàmpal ci bés
yooyu. [20] Ñaanleen Yàlla ngir seen gàddaay baña nekk ci jamonoy
seddaay, walla ci bésu noflaay. [21] Ndaxte ci jamono jooju, dina am
ay metit yu réy yu mësula am, ba àddina sosoo ba tey te dootul am
mukk. [22] Te bu Yàlla wàññiwul woon bés yooyu, kenn du mucc.
Waaye bés yooyu Yàlla dina leen wàññi ndax ñi mu tànn.

[23] «Ci jamono jooju, bu leen kenn waxee ne: "Xoolleen, Almasi bi
mu ngi fii" walla "mu ngi fale," buleen ko gëm. [24] Ndaxte Almasi yu
dëgguwul ak yonent yu dëgguwul dinañu feeñ. Dinañu def ay
màndarga ak ay kéemaan yu réy ngir bu mënee nekk sax ñu nax ñi
Yàlla tànn. [25] Dégluleen! Wax naa leen loolu laata muy ñëw. [26] Bu
leen kenn waxee nag, "xoolleen mu ngi ci màndiŋ bi," buleen dem;
walla ñu ne leen: "Mu ngi nëbbatu ci kër gi," buleen ko gëm.
[27] Ndaxte ni melax di feeñe penku te leeral ba sowu, noonu la
ñëwug Doomu nit ki di mel. [28] Fu lu dee nekk, foofu la tan yi di daje.

[29] «Gannaaw metitu bés yooyu, ci saa si nag,

*jant bi dina lëndëm,*
*weer bi dootul leer,*
*biddéew yi dinañu daanoo ci asamaan*
*te kàttani asamaan dinañu yëngu.*

[30] Bu booba màndargawu Doomu nit ki dina feeñ ci asamaan. Noonu
*xeeti àddina si yépp dinañu naqarlu.* Te dinañu gis *Doomu nit ki ñëw ci*
*kaw niiri asamaan* ak kàttan bu réy ak màggaay. [31] Dina yónni ay
malaakaam ak riiru liit bu réy, te ñu dajale ñi Yàlla tànn ci ñeenti
cati àddina, fu asamaan tàmbalee ba fu mu yem.»

[32] Yeesu yokk ca ne: «Jàngleen léebu garabu gaŋ bi: su fekkee ay
bànqaasam tooy nañu te ay xobam tàmbale sëq, xam ngeen ne

nawet bi jegesi na. 33 Noonu yeen tamit, sungeen gisee xew-xew
yooyu yépp, xamleen ne Doomu nit ki jegesi na, mu ngi ci bunt bi.
34 Ci dëgg maa ngi leen koy wax, niti jamono jooju duñu weesu
mukk te mbir yooyu yépp matuñu. 35 Asamaan ak suuf dinañu
weesu waaye samay kàddu duñu weesu mukk.

36 «Waaye ci lu jëm ci bés bi walla ci waxtu bi, kenn xamu ko: du
sax malaaka yi ci asamaan walla Doom ji, waaye Baay bi rekk moo
ko xam. 37 Bés bi Doomu nit ki di dellusi dina mel ni jamonoy
Nóoyin, 38 ndaxte ci bés yu jiitu woon mbënn ma, nit ñi ñu ngi doon
lekk ak di naan, góor ñi ñu ngi doon takk jabar tey maye seeni
doom yu jigéen, ba bés ba Nóoyin dugge ca gaal gu mag ga, 39 te
yéguñu woon dara, ba keroog mbënn ma ñëw yóbbu leen, ñoom
ñépp. Noonu lay ñëwug Doomu nit ki di mel. 40 Ci bés boobu ñaari
nit dinañu nekk ci tool yi: ñu jël kenn ki, te bàyyi keneen ki. 41 Ñaari
jigéen dinañu nekk di soq: ñu jël kenn ki te bàyyi keneen ki. 42 Kon
nag, yeewuleen, ndaxte xamuleen ci ban bés la seen Boroom di
ñëw. 43 Xamleen bu baax lii: Bu boroom kër gi xamoon ban waxtu ci
guddi la sàcc bi di ñëw, kon, doon na xoole te du ko bàyyi mu dugg
ci këram. 44 Loolu moo tax yeen tamit fagaruleen, ndaxte Doomu nit
ki dina ñëw ci waxtu bi ngeen ko foogewul.

45 «Kan mooy surga bu wóor tey moytu? Kooku la njaatigeem di
tànn ngir mu toppatoo yeneen surga yi, ngir mu jox leen ñu lekk ci
waxtu bi gën. 46 Barkeel na surga boobu bu njaatigeem di yegsi te
fekk muy jëfe noonu. 47 Ci dëgg maa ngi leen koy wax: njaatige bi
dina teg alalam yépp ci ay loxoom. 48 Waaye su fekkee surga bu bon
la, dina wax ci xelam ne: "Sama njaatige dina yéexa ñëw," 49 te mu
tàmbali di dóor yeneen surga yi te di lekk ak naan ak màndikat yi.
50 Noonu njaatige surga boobu dina ñëw ci bés bu mu ko foogewul
ak ci waxtu bu mu xamul, 51 te dina ko dóor ba tas yaramam, te

boole wàllam ak naaféq yi. Foofu la jooy di ame ak yéy bëñ.»

# 25

## Yeesu mu ngi nettali ay léeb ci li jëm ci delluseem

[1] Noonu Yeesu nettali leen léeb bii ne: «Nguuru asamaan si dina
nirook fukki janq yu jël seeni làmp te génn ngir daje ak boroom
séet bi. [2] Ci fukki janq yi, amoon na juróom yu ñàkk xel ak juróom
yu am xel. [3] Bi ñuy jël seeni làmp, ñi ñàkk xel yóbbalewuñu woon
diwlin, [4] waaye ñi am xel yóbbaale woon nañu diwlin ci ay butéel ak
seeni làmp. [5] Gannaaw boroom séet bi dafa yéexoona ñëw, janq
yépp gëmmentu te daldi nelaw. [6] Ci xaaju guddi am ku yuuxu ne:
"Xoolleen! Boroom séet baa ngi ne. Demleen gatandu ko." [7] Noonu
janq yépp daldi yeewu te defaraat seeni làmp. [8] Ñu ñàkk xel ñi ne
ñu am xel ñi: "Mayleen nu ci seen diwlin, ndaxte sunu làmp yi ñu
ngi waaja fey." [9] Waaye ñi am xel tontu leen ne: "Déedéet, ndaxte li
nu yor du doy ngir nun ak yeen. Léegi nag, demleen ci jaaykat yi
ngeen jëndal seen bopp." [10] Bi ñuy dem di jëndi, boroom seet bi
yegsi. Ñi waajaloon seen bopp dugg ak moom ci biir bérébu xew bi,
te ñu tëj bunt ba. [11] Gannaaw loolu yeneen janq yi yegsi te ne:
"Boroom bi, boroom bi, ubbil nu." [12] Waaye boroom séet bi tontu
leen ne: "Ci dëgg maa ngi leen koy wax: xamuma leen." [13] Kon nag
yeewuleen, ndaxte xamuleen bés bi walla waxtu bi.

[14] «Nguuru asamaan si dafay niroo tamit ak benn waay buy waaja
tukki. Mu woo surgaam yi te dénk leen alalam. [15] Kenn ki mu dénk
ko juróomi milyoŋ, keneen ki ñaari milyoŋ, ki ci des benn milyoŋ,
ku nekk ak li mu àttan, te mu dem ci saa si. [16] Ki jotoon juróomi
milyoŋ ya defi jënd ak jaay ak xaalis bi, te amaat yeneen juróomi
milyoŋ. [17] Noonu tamit ki jotoon ñaari milyoŋ yi, amaat ci yeneen
ñaari milyoŋ. [18] Waaye ki jotoon benn milyoŋ dem, gas pax ci suuf

si, te nëbb fa xaalisu njaatigeem bi. [19] Gannaaw diir bu yàgg njaatige
surga yi dellusi te laaj leen li ñu def ci alalam bi. [20] Ki jotoon
juróomi milyoŋ yi jegesi te andi yeneen juróomi milyoŋ te ne:
"Sama njaatige, juróomi milyoŋ nga ma dénkoon. Yeneen juróomi
milyoŋ yii laa ci am." [21] Njaatigeem bi ne ko: "Waaw góor. Surga bu
baax nga te gore. Gore nga ci lu tuuti. Dinaa la dénk lu bari. Kaay
bànneexu ak man." [22] Ki jotoon ñaari milyoŋ yi tamit jegesi te ne:
"Sama njaatige, ñaari milyoŋ nga ma dénkoon. Yeneen ñaari
milyoŋ yii laa ci am." [23] Njaatigeem bi ne ko: "Waaw góor. Surga bu
baax nga te gore. Gore nga ci lu tuuti. Dinaa la dénk lu bari. Kaay
bànneexu ak man." [24] Gannaaw loolu, ki jotoon benn milyoŋ bi
jegesi te ne: "Sama njaatige, xamoon naa ne nit ku néeg nga.
Dangay góob foo jiwul woon tey for foo tuurul. [25] Dama ragaloon,
moo tax ma dem nëbb sa xaalis bi ci suuf si. Mu ngi nii. Jëlal li nga
moom." [26] Njaatigeem bi tontu ko ne: "Surga bu bon bi te tayel.
Xamoon nga ne damay góob fu ma jiwul tey for fu ma tuurul.
[27] Danga waroona yóbbu sama xaalis ci denckatu xaalis yi, te su ma
dellusee, ma jëlaat sama xaalis ak li mu jur. [28] Jëlleen ci moom
milyoŋ bi te ngeen jox ko ki am fukki milyoŋ yi. [29] Ndaxte ku am,
dinañu ko yokkal, ba mu am lu ne gàññ. Waaye ku amul, dinañu jël
sax li nga am. [30] Surga bu amul njériñ bi nag, sànnileen ko ci biti, ci
lëndëm bi, fi am ay jooy ak yéy bëñ."
[31] «Bu Doomu nit ki ñëwee ci màggaayam ànd ak malaaka yi yépp,
dina toog ci baŋu nguuram bi am màggaay. [32] Xeeti àddina si yépp
dinañu dajaloo ci kanamam, te mu xaajale ñenn ñi ak ñeneen ñi, ni
sàmmkat di xaajale xar yi ak béy yi. [33] Dina teg xar yi ci ndeyjooram
te teg béy yi ci càmmoñam. [34] Noonu buur bi dina ne ñi nekk ci
ndeyjooram: "Ñëwleen, yeen ñi sama Baay barkeel te ngeen donn
nguur gi leen Yàlla waajal dale ko ci bi àddina sosoo. [35] Ndaxte

xiifoon naa te ngeen jox ma ma lekk, maroon naa te ngeen jox ma
ma naan, nekkoon naa gan te ngeen dalal ma, [36] amuma woon yére
te ngeen solal ma, feebaroon naa te ngeen toppatoo ma, nekkoon
naa ci kaso bi te ngeen ñëw seetsi ma." [37] Noonu ñu jub ñi dinañu ko
tontu ne: "Boroom bi, kañ lanu la gis nga xiif te nu jox la nga lekk,
walla nga mar te nu jox la nga naan? [38] Kañ lanu la gis nga nekk gan
te nu dalal la, walla nga ñàkk yére te nu solal la? [39] Kañ lanu la gis
nga feebar walla nga nekk ci kaso te nu seetsi la?" [40] Te buur bi dina
leen tontu ne: "Ci dëgg maa ngi leen koy wax, saay su ngeen ko
defale kenn ki gëna ndaw ci sama mbokk yii, man mii ngeen ko
defal."

[41] «Gannaaw loolu, buur bi dina wax ñi nekk ci càmmoñam ne:
"Sorileen ma, yeen ñi sama Baay móolu. Demleen ci safara su dul
fey mukk, bi Yàlla waajal Seytaane ak malaakaam yi. [42] Ndaxte
xiifoon naa te joxuleen ma ma lekk, maroon naa te joxuleen ma ma
naan, [43] nekkoon naa gan te dalaluleen ma, amuma woon yére te
solaluleen ma, feebaroon naa, nekkoon naa ci kaso bi te
toppatoowuleen ma." [44] Noonu ñoom tamit dinañu ko tontu ne:
"Boroom bi, kañ lanu la gis nga xiif walla nga mar, nekk gan walla
nga ñàkk yére, nga feebar walla nga nekk ci kaso bi te dimbaliwunu
la?" [45] Noonu buur bi dina leen tontu ne: "Ci dëgg maa ngi leen koy
wax, saa su ngeen ko bañee defal kenn ki gëna ndaw ci sama mbokk
yii, man mii ngeen ko baña defal." [46] Te ñoom dinañu dugg ci
mbugal bu dul jeex bi, waaye ñu jub ñi dinañu dugg ci dund gu dul
jeex gi.»

# 26

### Benn jigéen tuur na latkoloñ ci boppu Yeesu

1 Bi Yeesu waxee kàddu yooyu yépp ba noppi, mu ne taalibeem yi:
2 «Xam ngeen ne, ñaari fan a des laata màggalu Paak bi. Dinañu
jébbale Doomu nit ki ngir ñu daaj ko ci bant.»
3 Ci waxtu boobu njiiti-jébbalkati-sarax yi ak magi askan bi dajaloo
ci ëttu këru Kayif, miy jébbalkatu-sarax-bu-mag bi. 4 Ñu gise ci seen
biir ngir jàpp Yeesu ci kumpa te reylu ko. 5 Waaye ñuy wax ci seen
biir ne: «Warunu ko jàpp ci bésu màggal yi. Lu ko mooy,
yëngu-yëngu mën na am ci askan bi.»
6 Yeesu mu ngi woon dëkku Betani ci këru Simoŋ gaana bi. 7 Foofu
amoon na benn jigéen bu yor butéel bu ñu defare xeeru albaatar bu
fees ak latkoloñ bu njég li bari. Mu jegesi Yeesu ci bérébu
lekkukaay bi te tuur ko ci boppam. 8 Bi taalibe yi gisee loolu, ñu
daldi mer te ñu ne: «Lu waral yàq bii? 9 Ndaxte mënoon nañu ko
jaaye njég lu bari te jox xaalis bi néew-di-doole yi.» 10 Waaye Yeesu
xam loolu te ne leen: «Lu tax ngeen di sonal jigéen jii? Jëf ju baax la
ma defal, 11 ndaxte néew-di-doole yi dinañu nekk ak yeen saay su
nekk, waaye man, duma nekk ak yeen saay su nekk. 12 Bi mu ma
tuuree latkoloñ bi, def na ko ngir waajal sama yaram bala ñu koy
rob. 13 Ci dëgg maa ngi leen koy wax: fépp fu ñuy yégle xibaar bu
baax bii ci àddina si yépp, dinañu nettali tamit li jigéen jii def ngir
fàttaliku ko.»
14 Noonu kenn ci fukki taalibe yi ak ñaar ku tudd Yuda Iskariyot
dem ci njiiti-jébbalkati-sarax yi 15 te ne leen: «Lan ngeen may jox su
ma leen jébbalee Yeesu?» Ñu waññal ko fanweeri xànjari xaalis te
jox ko ko. 16 Dale ko ci waxtu boobu, Yuda doon wut pexe ngir
jébbal leen Yeesu.

### Yeesu mu ngi màggal bésu Paak bi ak taalibeem yi

17 Bés bu jëkk ci màggalu mburu yu amul lawiir yi, taalibe yi laaj
Yeesu ne: «Fan nga bëgg nu waajale la reeru Paak bi?» 18 Mu ne
leen: «Demleen ci dëkk bi ci kër diw te ngeen ne ko: "Jàngalekat bi
nee na: 'Sama waxtu jegesi na. Ci sa kër laay màggale Paak bi ak
samay taalibe.'"» 19 Taalibe yi def li leen Yeesu santoon te ñu daldi
waajal reeru Paak bi.

20 Ci ngoon si, Yeesu toog ci bérébu lekkukaay bi ak fukki taalibe yi
ak ñaar. 21 Ci waxtu bi ñuy lekk, Yeesu ne: «Ci dëgg maa ngi leen
koy wax, kenn ci yeen moo may jébbale.» 22 Taalibe yi tiis lool ci
seen xol. Ku nekk tàmbali di ko laaj ne: «Mbaa du man, Boroom
bi?» 23 Mu tontu ne: «Ki cappandoo ak man mburoom ci ndab li,
kooku moo may jébbale. 24 Doomu nit ki dina dee ni ko Mbind mi
yégle ci lu jëm ci moom, waaye musiba dina dal nit ki koy jébbale.
Mu bañoona juddu sax, moo gën ci moom.» 25 Yuda mi ko naroona
jébbale jël kàddu gi te ne: «Mbaa du man, jàngalekat bi?» Mu tontu
ne: «Yaa ko wax.»

26 Ci waxtu bi ñuy lekk, Yeesu jël mburu, barkeel ko ba noppi,
damm ko, te jox ko taalibe yi ne: «Jëlleen, ngeen lekk. Lii moo di
sama yaram.» 27 Noonu mu jël benn kaas, sant Yàlla ba noppi, jox
leen ko te ne: «Naanleen ci yeen ñépp, 28 ndaxte lii mooy sama
deret bi tuuru ngir ñu bari, ngir fas kóllëre gi te Yàlla baal leen
seeni bàkkaar. 29 Maa ngi leen koy wax: gannaaw si tey, dootuma
naan biiñ ba keroog may naan biiñ bu bees ak yeen ci sama nguuru
Baay.» 30 Gannaaw bi ñu woyee benn woy ci Saboor yi, ñu génn ngir
dem ci Tundu Oliw ya.

31 Noonu Yeesu ne leen: «Ci guddi tey ji, yeen ñépp dingeen dem,
bàyyi ma, ndaxte Mbind mi nee na:

*"Dinaa dóor sàmm bi,*
*te xari gétt gi dinañu tasaaroo."*

[32] Waaye gannaaw bu ma dekkee, dinaa leen jiituji diiwaanu Galile.»
[33] Piyeer jël kàddu gi te ne ko: «Bu ñépp demee, bàyyi la sax, man
duma la bàyyi mukk.» [34] Yeesu ne ko: «Ci dëgg maa ngi la koy wax,
guddi tey ji sax bala ginaar di sab, dinga ma weddi ñetti yoon.»
[35] Piyeer ne ko: «Su de sax, damaa wara dee ak yaw, duma la weddi
mukk.» Te taalibe yépp wax loolu tamit.

### Yeesu mu ngi ñaan ci Setsemane te ñu jàpp ko

[36] Ci kaw loolu Yeesu yegsi ak taalibeem yi ci béréb bu ñuy woowe
Setsemane te mu ne leen: «Toogleen fii, ma dem fale ngir ñaan.»
[37] Mu jël Piyeer ak ñaari doomu Sebede yi. Mu tàmbale yég tiis ak
naqar. [38] Noonu mu ne leen: «Sama xol dafa tiis ba ma bëgga dee.
Desleen fii te di xoole ak man.» [39] Mu sori leen tuuti, teg jëwam ci
suuf te ñaan naan: «Sama Baay, su de mën na nekk, soril ma kaasu
naqar bii. Wànte bu mu doon sama coobare, waaye na sa coobare
am.»

[40] Mu dellusi ci taalibe yi te fekk leen ñuy nelaw. Noonu mu ne
Piyeer: «Mënuleen sax xoolandoo ak man benn waxtu! [41] Xooleleen
te ñaan ngir ngeen baña daanu ci fiir. Xel mi waaj na ba noppi,
waaye yaram bi dafa néew doole.»

[42] Noonu ci ñaareelu yoon bi, mu soriwaat leen tuuti te ñaan naan:
«Sama Baay, su de kaas bii mënula romb te naanuma ko, na sa
coobare am.» [43] Noonu mu ñëwaat te fekk leen ñuy nelaw, ndaxte
seen bët yi mënatul woon xoole ndax gëmmentu.

[44] Mu bàyyi leen te soriwaat, ñaan ci ñetteelu yoon bi, te waxaat
kàddu yi mu waxoon. [45] Gannaaw loolu mu dellusi ci taalibeem yi te
ne leen: «Yeena ngi nelaw ba léegi tey noppalu! Xoolleen, waxtu bi

jot na, ñu ngi jébbal Doomu nit ki ci loxoy bàkkaarkat yi. 46 Jógleen,
nu dem. Xoolleen! Ki may jébbale mu ngi nii.»
47 Bi Yeesu di wax loolu, Yuda mi bokkoon ci fukk yi ak ñaar yegsi.
Mbooloo mu takku ànd ak moom te yor ay jaasi ak ay yet.
Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi ñoo leen yónni woon. 48 Ki ko
doon jébbale joxoon na leen màndarga, ne leen: «Ki may fóon,
moom la. Jàppleen ko.» 49 Ci saa si mu jegesi Yeesu te ne ko: «Maa
ngi lay nuyu, jàngalekat bi.» Noonu mu daldi ko fóon. 50 Yeesu ne
ko: «Sama xarit, defal li la taxa ñëw.» Noonu ñu jegesi Yeesu, song
ko, te jàpp ko.
51 Kenn ci ñi àndoon ak Yeesu rocci jaaseem, dóor surga
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, te dagg nopp bi. 52 Noonu Yeesu ne ko:
«Dellool jaasi bi fi mu nekkoon, ndaxte ñépp ñuy jëfandikoo jaasi,
jaasi moo leen di sànk. 53 Ndax xalaat nga ne mënuma woo sama
Baay, te mu yónnee ma ci saa si lu ëpp fukki mbooloo malaaka ak
ñaar? 54 Waaye su ma ko defee, naka la Mbind mi di mate? Ndaxte
Mbind mi nee na, lii, ni la wara amee.»
55 Noonu Yeesu ne mbooloo mi: «Lu tax ngeen ñëw jàppsi ma yor
ay jaasi ak ay yet, mel ni dama nekk defkatu lu bon? Bés bu nekk
maa ngi doon toog ci ëttu kër-Yàlla gi di jàngale, te yeen jàppuleen
ma. 56 Waaye lii lépp am na ngir li yonent yi bind mat.» Noonu
taalibe yépp bàyyi ko te daw.

### Yeesu mu ngi ci këru jébbalkatu-sarax-bu-mag bi

57 Ñi jàppoon Yeesu yóbbu ko ci këru Kayif miy
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi. Jàngalekati-yoonu-Musaa ak mag ñi
daje woon nañu foofu. 58 Piyeer doon topp Yeesu fu sori, ba ci ëttu
këru jébbalkatu-sarax-bu-mag bi. Mu dugg ci ëtt bi te toog ak
wottukat yi ngir xam naka la loolu di mujje.
59 Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak kurélu àttekati Yawut yi yépp doon

nañu wut seede bu dëgguwul ci Yeesu ngir mën ko teg daanu dee.
[60] Waaye amuñu ko woon, doonte ay seede yu dëgguwul yu bari
ñëwoon nañu fa. Ci mujjantal bi, am ñaar ñu ñëw [61] naan: «Waa jii
waxoon na ne: "Mën naa toj kër-Yàlla gi te tabaxaat ko ci ñetti
fan."»
[62] Noonu, jébbalkatu-sarax-bu-mag bi jóg te ne Yeesu: «Ndax doo
tontu dara ci li ñii di seede ci yaw?» [63] Waaye Yeesu noppi.
Jébbalkatu-sarax-bu-mag bi ne ko: «Waatal naa la ci Yàlla biy dund
nga wax nu: ndax yaw yaay Almasi bi, Doomu Yàlla ji?» [64] Yeesu
tontu ko ne: «Yaa ko wax. Waaye maa ngi leen koy wax: dale ko tey,
dingeen gis *Doomu nit ki toog ci ndeyjooru* Yàlla Aji-Kàttan ji tey *ñëw
ci kaw niiri asamaan.*»
[65] Noonu, jébbalkatu-sarax-bu-mag bi xotti yéreem yi tey naan:
«Saaga na Yàlla ci li mu méngale boppam ak moom! Kon lan lanuy
soxlati ay seede? [66] Lan ngeen ci xalaat?» Ñu tontu ne: «Yelloo na
dee.» [67] Noonu ñu tifli ci xar-kanamam te dóor ko ay kurpeñ. Ñenn
ñi mbej ko [68] tey naan: «Éey Almasi bi, su dee yonent nga, wax nu
kan moo la dóor!»
[69] Ci waxtu boobu Piyeer mu ngi toogoon ci biti, ci ëtt ba. Benn
surga bu jigéen jegesi ko te ne ko: «Yaw tamit àndoon nga ak Yeesu
mu Galile.» [70] Waaye Piyeer weddi ko ci kanamu ñépp ne: «Xamuma
li nga bëgga wax.» [71] Bi mu demee ci wetu bunt ba, beneen surga bu
jigéen gis ko te wax ñi nekkoon foofu ne: «Kii àndoon na ak Yeesu
mu Nasaret.» [72] Noonu Piyeer weddiwaat ko ak waat ne: «Xamuma
waa jooju.» [73] Ci kanam tuuti ñi nekkoon foofu jegesi Piyeer te ne
ko: «Li woor mooy yaw tamit ci ñoom nga bokk, ndaxte sa waxin
feeñal na la.» [74] Noonu mu tàmbalee giñ tey waat naan: «Xamuma
waa jooju.» Ci saa si, benn ginaar sab. [75] Noonu Piyeer fàttaliku
kàddu gi ko Yeesu waxoon ne: «Bala ginaar di sab, dinga ma weddi

ñetti yoon,» te Piyeer génn di jooy, jooy yu metti.

# 27

## Pilaat mu ngi laaj Yeesu

[1] Ci suba teel, njiiti-jébbalkati-sarax yi yépp ak magi askan bi
waxtaan nañu ci seen biir ngir reylu Yeesu. [2] Noonu ñu yeew ko,
yóbbu ko, te jébbal ko Pilaat miy njiitu diiwaan bi.
[3] Yudaa mi ko jébbale woon, bi mu gisee ne teg nañu Yeesu daan,
mu réccu. Noonu, mu dem ci njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi,
delloo leen fanweeri xànjaru xaalis yi, [4] ne leen: «Man de, bàkkaar
naa ci ni ma jébbale ci dee nit ku deful dara.» Waaye ñu tontu ko
ne: «Sunu yoon nekku ci. Yaa xam.» [5] Noonu mu sànni fanweeri
xànjaru xaalis yi ci kër-Yàlla gi, mu dem, yeew buum ci baatam,
xaru.
[6] Njiiti-jébbalkati-sarax yi jël xaalis bi te naan: «Yoonu Musaa
mayewul ñu dugal xaalis bii ci dencukaayu kër-Yàlla gi, ndaxte
njégu deret la.» [7] Gannaaw bi ñu waxtaanee ci seen biir, ñu jënde
xaalis boobu toolu defarkatu ndaa bi ngir ñu fay suul ay
doxandéem. [8] Loolu moo tax ñuy woowe tool boobu toolu deret ba
bésu tey jii. [9] Noonu li yonent Yàlla Yeremi waxoon daldi mat, bi
mu naan:

*«Jël nañu fanweeri xànjaru xaalis yi,*
*njégu ki ñu xayma woon,*
*te doomi Israyil ñoo xayma woon njégam,*
[10] *te ñu joxe ko ngir jënd toolu defarkatu ndaa bi,*
*ni ma ko Boroom bi digale woon.»*

[11] Noonu Yeesu taxaw ci kanamu njiitu diiwaan bi te mu laaj ko ne:
«Ndax yaw yaay buuru Yawut yi?» Yeesu tontu ko ne: «Yaw, yaa ko
wax.» [12] Bi ko njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi di tuumaal,

tontuwul dara. [13] Noonu Pilaat ne ko: «Xanaa déggoo lépp li ñu lay
tuumaal?» [14] Waaye Yeesu tontuwu ko ci dara, ba tax njiitu diiwaan
bi waaru lool.
[15] Màggalu Paak bu nekk, njiitu diiwaan bi dafa tàmmoon di bàyyil
mbooloo mi kenn ku ñu tëj kaso, ki mbooloo mi bëggoon. [16] Ci
waxtu boobu amoon na ci kaso bi kenn ku ñuy woowe Yeesu
Barabas, te mu amoon tur lool. [17] Bi mbooloo mi dajee, Pilaat ne
leen: «Kan ngeen bëgg ma bàyyil leen: Yeesu Barabas walla Yeesu
bi ñuy woowe Almasi bi?» [18] Laaj na leen loolu ndaxte xamoon na
ne iñaan moo tax ñu jébbal ko Yeesu. [19] Bi muy àtte ci bérébu
àttekaay bi, jabaram yónnee ko bataaxal bii: «Màndul ci mbirum ku
jub kooku, ndaxte, tey jii amoon naa coono ci sama gént ndax
moom.» [20] Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi xiir mbooloo mi ngir
ñu ñaan mu bàyyi Barabas te reylu Yeesu. [21] Njiitu diiwaan bi jël
kàddu gi te laajaat mbooloo mi naan: «Kan ci ñaar ñi ngeen bëgg
ma bàyyil leen ko?» Ñu tontu ne: «Barabas!» [22] Pilaat ne leen: «Lan
ngeen bëgg nag ma def Yeesu mi ñuy woowe Almasi bi?» Noonu
ñépp tontu ne: «Daaj ko ci bant!» [23] Pilaat laaj leen ne: «Lan la def lu
bon?» Waaye ñu gëna yuuxu naan: «Daaj ko ci bant!»
[24] Bi Pilaat gisee ne loolu jériñul dara, waaye coow li gëna yokk ba
mu ragal fippu am, mu jël ndox te raxas loxoom yi ci kanamu
mbooloo mi, te ne: «Set naa ci deretu nit kii. Yeena xam.» [25] Noonu
mbooloo mi yépp tontu ne: «Na deretam këppu ci sunu kaw ak
sunu kaw doom yi.» [26] Noonu Pilaat bàyyil leen Barabas. Yeesu nag,
mu dóorlu ko ay yar te jébbal ko soldaar yi ngir ñu daaj ko ci bant.

### Deewu Yeesu ci bant bi

[27] Noonu soldaar yi jël Yeesu, yóbbu ko ci biir këru njiitu diiwaan
bi, te ñu woo mbooloo soldaar yi yépp. Ñu dajaloo, wër Yeesu. [28] Ñu
daldi summi yéreem yi, solal ko mbubb bu xonq, [29] jël ab kaala bu

ñu ràbbe dég, teg ko ci boppam, te ñu jël benn bant, teg ko ci loxo
ndeyjooram. Noonu ñu sukk ci kanamam di ko ñaawal, naan:
«Nuyu nanu la, yaw buuru Yawut yi.» 30 Ñuy tifli ci kawam, daldi
nangu bant ba di ko ko dóor ci bopp. 31 Bi ñu ko ñaawalee ba noppi,
ñu daldi summi mbubb bu xonq bi ñu ko solaloon, delloo ko yéreem
yi, te yóbbu ko ngir daaj ko ci bant ba.

32 Bi ñu génnee dëkk bi, ñu daje ak benn waay bu tudd Simoŋ mu
Siren. Soldaar yi sëf ko bantu Yeesu bi. 33 Bi ñu yegsee ci béréb bi ñu
woowe Golgota, maanaam yaxu bopp, 34 ñu jox Yeesu biiñ bu ñu
jaxase ak lu wex, waaye bi mu ko mosee bëggu ko naan. 35 Bi ñu ko
daajee ci bant bi, ñu tegoo bant ngir séddoo yéreem yi. 36 Nu daldi
toog foofu di ko wottu. 37 Ngir wone li tax ñu teg ko daan, lii lañu
bind mu tiim boppam: «Kii mooy Yeesu, Buuru Yawut yi».

38 Amoon na ñaari defkatu lu bon yi ñu daajaale woon ci wetam,
kenn ki ci ndeyjooram, keneen ki ci càmmoñam. 39 Noonu ñi doon
romb foofu di ko saaga di yëngal seeni bopp 40 naan: «Yaw mi mëna
toj kër-Yàlla gi te tabaxaat ko ci ñetti fan, musalal sa bopp! Bu de
yaa di Doomu Yàlla ji, wàccal ci bant bi.» 41 Noonu tamit
njiiti-jébbalkati-sarax yi, jàngalekati-yoonu-Musaa ak mag ñi di ko
ñaawal tey naan: 42 «Musal na ñeneen ñi, waaye mënula musal
boppam. Su de moom mooy Buuru Israyil, na wàcc léegi ci bant bi.
Su booba dinanu gëm ci moom. 43 Dénk na boppam Yàlla. Na ko
Yàlla musal su de sopp na ko, ndaxte moom moo ne: "Man, maa di
Doomu Yàlla ji."» 44 Ñaari defkatu lu bon yi ñu daajoon ci wetam sax
doon nañu ko saaga ni ñeneen ñi.

45 Li ko dale diggu bëccëg, réew mi yépp daldi lëndëm ba ci ñetti
waxtu ci ngoon. 46 Bi waxtu boobu jotee, Yeesu yuuxu ak baat bu
kawe naan: «*Eli, Eli, lema sabaktani?*» luy tekki: «*Sama Yàlla, sama
Yàlla, lu tax nga bàyyi ma?*» 47 Ñenn ci ñi nekkoon foofu dégg ko tey

naan: «Mu ngi woo yonent Yàlla Ilyaas.» [48] Ci saa si kenn ci ñoom
daldi daw, jël benn sagar, capp ko ci bineegar, takk ko ci bant, te
tàllal ko Yeesu ngir mu naan. [49] Waaye ñeneen ñi di naan: «Xaaral!
Nanu xool ba xam ndax yonent Yàlla Ilyaas dina ñëw ngir musal
ko.»

[50] Yeesu daldi yuuxuwaat ak baat bu kawe te delloo ruuwam Yàlla.
[51] Ci waxtu boobu, rido kër-Yàlla gi daldi xar ñaar, li ko dale ci kaw
ba ci suuf. Suuf si yëngu te doj yi daldi xar. [52] Ay bàmmeel daldi
ubbeeku te ñu bari ci ñi Yàlla moom te dee woon daldi dekki [53] te
génn ci seeni bàmmeel. Gannaaw bi Yeesu dekkee, ñu dugg ci
Yerusalem, dëkk bu sell bi, te nit ñu bari gis leen. [54] Soldaar yi doon
wottu Yeesu ci bant bi ak seen njiit, bi ñu gisee yëngu-yëngu suuf si
ak lépp li fa xewoon, ñu daldi ànd ak tiitaange bu réy di naan: «Ci
dëgg, nit kii Doomu Yàlla la woon.»

[55] Amoon na fa ay jigéen yu bari yu doon toppe Yeesu dale ko ci
diiwaanu Galile ngir toppatoo ko. Ñu ngi doon seetaane fu sori lépp
li fa xewoon. [56] Ci seen biir amoon na Maryaama mu Magdala,
Maryaama yaayu Saak ak Yuusufa, ak yaayu Saak ak Yowaana ñiy
doomi Sebede.

## Robum Yeesu

[57] Ca ngoon sa, kenn ku ñu woowe Yuusufa mu Arimate yegsi. Ku
bari alal la woon te nekkoon moom tamit taalibe Yeesu. [58] Mu dem
laaj Pilaat néewu Yeesu. Noonu Pilaat daldi joxe ndigal ngir ñu jox
ko ko. [59] Yuusufa jël néew bi, lëmës ko ci perkaal bu bees, [60] denc ko
ci bàmmeel bi mu yattlu woon ci biir doj ngir boppam. Gannaaw
loolu mu bërëŋ xeer bu réy ngir tëj buntu bàmmeel bi te dem.
[61] Maryaama mu Magdala ak beneen Maryaama nekkoon nañu
foofu, toog jàkkaarloo ak bàmmeel bi.

[62] Bés boobu, bésu waajalu bésu noflaay la woon. Ci ëllëg sa,

njiiti-jébbalkati-sarax yi ak Farisen yi ànd dem ca kër Pilaat, 63 daldi
ko ne: «Kilifa gi, nu ngi fàttaliku benn mbir: fenkat bii, ca ba muy
dund, nee woon na: "Gannaaw ñetti fan, dinaa dekki." 64 Kon nag nu
ngi lay ñaan, nga santaane ñu wottu bàmmeel bi ba ci ñetteelu fan
bi. Su dul loolu, taalibeem yi mën nañu ñëw, sàcc néew bi te ne
askan bi: "Dekki na ci ñu dee ñi." Su ko defee, fen boobu mooy gëna
yées bu jëkk bi.» 65 Noonu, Pilaat ne leen: «Ay soldaar a ngi nii.
Demleen te ngeen fexe ñu wottu bàmmeel bi ni ngeen ko bëgge.»
66 Ñu dem nag ci bàmmeel ba, tëj ko bu wóor, def xàmmikaay ci
xeer bi ngir bu ko kenn ubbee, ñu xam ko. Ñu daldi fay teg ay
soldaar ngir ñu wottu ko.

# 28

## Yeesu dekki na ci ñu dee ñi

1 Gannaaw bésu noflaay bi, dimaas ci suba teel, Maryaama mu
Magdala ak beneen Maryaama bi ñëw nañu seetsi bàmmeel bi. 2 Te
noonu, mu am yëngu-yëngu suuf bu réy, ndaxte ab malaaka
Boroom bi moo wàcce ci asamaan, ñëw, bërëŋ xeer bi tëjoon
bàmmeel bi, te toog ci kawam. 3 Melokaanam mel ni melax te
yéreem bi weex tàll. 4 Wottukat yi tiit bay lox te mel ni ñu dee.
5 Malaaka mi jël kàddu gi te ne jigéen ñi: «Buleen ragal. Xam naa ne
Yeesu mi ñu daajoon ci bant ngeen di seet. 6 Nekkatu fi; dekki na, ni
mu ko waxe woon. Kaayleen xool béréb bi mu tëddoon. 7 Demleen
gaaw, ngeen wax taalibeem yi ne: "Dekki na ci ñu dee ñi, te
xoolleen, mu ngi leen di jiituji diiwaanu Galile. Foofu ngeen koy
gise." Léegi nag, wax naa leen ko.» 8 Jigéen ñi daldi gaawantu, génn
bàmmeel bi, ànd ak tiitange ak mbégte mu réy. Ñu daw ngir yégali
xibaar bi taalibeem yi. 9 Bi jigéen ñi di dem, Yeesu ñëw dajesi ak
ñoom ci yoon bi te ne leen: «Maa ngi leen di nuyu.» Ñu jegesi ko te

laxasu tànkam yi, sukk ci kanamam. [10] Noonu Yeesu ne leen:
«Buleen ragal. Demleen wax sama mbokk yi ñu dem Galile. Foofu
lañu may gise.»
[11] Bi jigéen ñi nekkee ci yoon bi, noonu ñenn ci soldaar yi doon
wottu bàmmeel bi ñëw ca dëkk ba, yégal njiiti-jébbalkati-sarax yi
lépp li xewoon. [12] Noonu ñu dajaloo ak mag ña. Gannaaw bi ñu
waxtaanee ak ñoom, ñu jox soldaar ya xaalis bu takku [13] te ne leen:
«Lii ngeen di wax: "Taalibeem yi dañoo ñëw ci guddi gi te ñu sàcc
néewam bi, fekk nuy nelaw." [14] Te su ko njiitu diiwaan bi yégee,
dinanu wax ak moom ba mu dal ngir ngeen bañ cee am benn
jafe-jafe.» [15] Soldaar yi jël xaalis bi te def la ñu leen santoon. Noonu
xibaar boobu daldi siiw ci biir Yawut yi ba bésu tey ji.

### Yeesu feeñu na taalibeem yi te yónni leen

[16] Noonu fukki taalibe yi ak benn dem Galile ci tund bi leen Yeesu
waxoon. [17] Bi ñu gisee Yeesu, ñu sukk ngir jaamu ko, waaye ñenn ci
ñoom am xel ñaar. [18] Noonu Yeesu jegesi te ne leen: «Yàlla jox na
ma bépp sañ-sañ ci asamaan ak ci suuf si. [19] Demleen nag, ngeen def
ay taalibe ci xeeti àddina si yépp. Nii ngeen koy defe: sóob leen ci
ndox ci turu Baay ji, Doom ji, ak Xel mu Sell mi, [20] te jàngal leen ñu
sàmm lépp li ma leen sant. Xoolleen, maa ngi ak yeen bés bu nekk,
ba ci njeextelu àddina.»